Дызыхуэныкъуэ Іэщіагъэ

2-нэ нап.

Мэкъумэшыщіэхэм я еджапіэ къызэіуах

3-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Усыгъэр зи гум щыпсэу

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№39 (24.633) ● 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщІэ

2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр ихущ. Арщхьэкіэ къыкІэрыхуахэм ахэр накъыгъэм (майм) щыщІэдзауэ хуахынущ, и пщІэр дызыхуэкІуэ махуэ гъунэгъухэм щІатмэ.

Мазэ 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 299-рэ кІэлпейкІэ 32-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 271-рэ кІэлпІейкІэ 42-рэ.

Ди индексыр П5894

Урысеймрэ Белоруссиемрэ я зэкъуэтыныгъэр

● Дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ

Аруан щІыналъэм и лыкІуэхэмрэ Белоруссием и Гомель областым хьихьэ Калинковичи къалэм щыпсэуэхэмрэ гъатхэпэм и 30-м зэпэІэщІэу зэпсэлъащ, телелъэмыж Іэмалыр къагъэсэбэпри. Іуэхур ирагъэкІуэкІащ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу. Ди лъэныкъуэмкІэ ар къыззрагъэпэщащ Техник ныбжьыщІэхэм я станцым и унафэщІхэмрэ дзэ-патриот гъэсэныгъэмкІэ «Хэкупсэ» центрым и Іэтащхьэ Гулэжын Бесльэнэр.

ЗЭПЫЩІЭНЫГЪЭР ирагъэкІуэкІащ усакІуэ Сокъур Риммэ. Белоруссием и лъэныкъуэкІэ зэхьихьэр къыззригъэпэщащ Крупинэ Светланэ.

Іуэху дахэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Эдельвейс» (Нарткъалэ), «Родник» (Май щІыналъэ) клубхэмрэ Белоруссием и «Бумеранг» клубымрэ. Фигу къэдгъэкІыжыщи, ди щІыналъэмрэ Хойникскэ районыкІэ я ныжрей апхуэдэ зэпыщІэныгъэр Техник ныбжьыщІэхэм я станцым дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкІэ и центрым нэгъабэ мэкъуауэгъуэм и 21-м къыщыззрагъэпэщащ, Щыгъуэ махуэм ирихьэлІэу. Къэралытым я къэлъыхъуакІуэхэм къагъуэтыжащ щытащ Белоруссием щыхэкІуда ди зауэлІхэм я щІэхэр. Белоруссием къагъахьащ КъБАССР-м и цІыхуу я щІыналъэм щаукІа зауэлІ 345-м я щІэхэр, ахэр щыщІалъхьэжа щІыпІэхэр щыІ Іэмышщі хьуа гуэзвэгъуэшхуэм хэкІуэдахэм зы дакъикъэкІэ яхуэщыгъуа нэужь, Хьэхурпащіэ Іэмин къеджащ «Матерям Беслана» усэм. Телелъэмыжым хэт лъэныкъуэхэм фІэхъус гуапэ зэраха нэужь, Гулэжын Бесльэн игъэхьэзыра, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ дахэхэр къыщыгъэлъэгуэя видеонэтыным иригъэплащ икІи усакІуэхэм я «Бумеранг» клубым хэтхэр ди щІыналъэм иригъэблэгащ. УсакІуэ клубхэм хэтхэр къеджащ Хэку зауэшхуэм (1941 - 1945), Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам, лъэгъуныгъэм, зэныбжьэгъуегъэм теухуа я усэхэм. «Эдельвейс» клубым къыбгъэдэкІыу я усэхэм къеджащ Ут Владимир, Сокъур Риммэ, Жэрыкъуэ Светланэ, Бэвыкъуэ Оксанэ, Бекъул Каринэ сымэ.

ЗэпыщІэныгъэр щиухым, абы хэтахэм яубзыхуащ къыкІэлъыкІу телелъэмыжыр накъыгъэ мазэм ирихьэлІэу къыззрагъэпэщыну. Ар теухуауэ щытынущ ТекІуэныгъэ Иныкъэ Белоруссиер фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыззрыІэщІагъэкІыжрэ илъэс 80 зэрырикъужрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Іэмалхэр къыззрагъэсэбэпыр

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Чайкэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкІуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Чайкэ Юрийрэ тепсэлъыхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгуэ къалэнхэр хэгъэгум гъэзэщІа зэрыщыхьум.

КъулыкъущІэхэр къытеувыІащ узыншагъэр щахъумэ, щагъэсфІакІуэ Іуэхущіапіэхэр иджырей мардэхэм изагъэу зэрызэрагъэпэщыжым, курыт еджапІэхэр зыхуей зэрыхуагъаззм, гъэсапІэхэри программэ хэхакІэ къызэрагъэщІэрэщІэжым.

Апхуэдэуи Іэтащхьэм Чайкэ Юрий жриІащ щІыналъэм ухуэныгъэшхуэхэр зэрыщекІуэкІыр, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм хьихьэ хэгъэгухэм туризм, сатуэкономикэ зэпыщІэныгъэ нэхъыбэ яІэн папщІэ Іэмалхэр къыззрагъэсэбэпыр.

Зэхуэзахэм гулыитэ щыхьэуэ хуащІащ псэуклІэм екьэлІа Іуэхугъуэхэм, республикэм исхэм я хэхъуэр нэхъыбэ щыным, лэжьапІэ Іэнатіэщіэхэр къызэІуихыным.

Зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызэфІахьегъэджэныгъэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэхэм нэмыщІ, щэщІауэ щокІуэкІ щІалэгъуалэм гъэсэныгъэ яхэлъхьэным, абыхэм я лъэпкъ зэхэщІыкІым нэхъри зегъэужьыным хуэгъэпса Іуэхугъуэ куэди. Еджапіэ нэхъыщхьэм и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ дапщэщи жыджэру хэтщ къэрал махуэгъэпсым къыщыщхьэбелджылкІа махуэщІхэу студент щІалэгъуалэм яхуэпхь хъунухэм.

АПХУЭДЭ Іуэху зехьэкІэ екІум и щапхъэщ КъБКъУ-м иджыблагъэ къыщыщэзрагъэпэщащ зэІуищІэ хьэлэмэтыр. Телелъэмыж Іэмалыр къагъэсэбэпу, зэпсэлъащ, я Іуэхугъэ зэрыщытымкІэ зэдзэгуэщащ КъБКъУ-м и филогие къудамэм щеджэхэмрэ Пушкин Александр и цІэр зэрихьэу Брест дэт къэрал университетым бзэмкІэ и къудамэм и студентхэмрэ. Урысыбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмкІэ щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым щекІуэкІа зэІуІэр ирырагъэхьэІащ Урысей Федерацэмрэ Белоруссиемрэ я зэкъуэтыныгъэм и махуэм.

Телеэзэпсэльэныгъэр зэхьэлэмэт, гуапэ икІи купщІафІэ хъуат. Брест университетым и студентхэм къуэш пэльытэу ябж урысей щІалэгъуалэм творческэ лэжьыгъэ екІу хуагъэхьэзырат. Абыхэм ягъэзэщІащ белорус къафэхэр, къеджащ усэхэм, хэкупсэ уэрэдзэри жаІащ. Хьэлэмэтраци, ди университетым и студентхэри Белоруссием щыщэри зэрызэпсэльар зы бзэщ: белорусыбзэщ. КъБКъУ-м филологие Іэщ Іагъэм щыхуеджэхэм ещанэ курсым къыщыщІэдзауэ белорусыбзэр ядж, славяныбзэр етІуанэу.

«Ди къэрал университетхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм илъэси 10 гъуэгуанэ къыззпичакІэщ. Абы пэублэ хуэхъуауэ щытащ «Урысей дунейн» зэхуэсым дыщыщызэрихьэлІа махуэр. Абы лъандэрэ блэкІа зэманым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Брест къэрал университетымрэ ди зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр ефІакІуэ, зэныбжьэгъугъэр нэхъ быдэ хъу зэпытщ, - жиІащ филологие щІэныгъэмкІэ доктор, профессор, урысыбзэмрэ бзэр джыныкІэ кафедрэм и унафэщІ Башиевэ Светланэ. - Зэгъусэу едгъэкІуэкІа Іуэхугъуэ нэхъ инэм ящыщ КъБКъУ-мрэ Псыхуабзэрэ я дунейпсо гъэмахуэ утыкухэм къыщызздгъэпэщауэ щыта «Ди лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и лъабжьэхэр ди лъэпкъ тхыдэхэм къыщюжьэ» унэтІныгъэм тещІыхьа зэІуІщІэ хьэлэмэтхэр».

Брест къэрал университетым филологиемкІэ и факультетым и декан Сенькевич Татьянэ фІыщІэ яхуищІащ КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ, белорусыбзэр джыным апхуэдэ гулыитэ екІу зэрыхуащІым папщІэ. Ар ди лъахэгъу щІалэгъуалэм ехъэхуащІ я щІэныгъэм адэкІи хагъэхьуэну, урысей студентхэмрэ белорус щІалэгъуалэмрэ адэкІи зэрыщІэну, зэдзэлажьэну зэригуапэр и псалъэмэ ныхьхигъэщащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЩІыналъэ зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ республикэм и Іэтащхьэм и нэІэм щІэту лажьэ, Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ и советым хэтхэм я зэІуІщІэ. Абы къыщапщытащ ди щІыналъэм щагъэзащІэ лъэпкъ проектхэм ящыщу 2023 гъэм кьриубыдэу зэфІахар. Апхуэдэуи нубзыхуащ 2024 - 2025 гъэхэм, 2030 гъэ пщІондэ зэфІагъэкІыну я мурад Іуэхугъуэхэр.

«БЛЭКІА лъэхъэнэр къыззрымыкІуэу щытами, дэ тлъэкІащ экономикэмкІэ зыужьыныгъэфІхэр диІзу ар къыздэнэкІын. Щ Іыналъэм къыщыдгъэжьа мыльку сом мелард 291,3-рэ хъуащ. 2022 гъэм епльытмэ, ар проценти 105,4-рэ мэхъу, - жиІащ зэІуІщІэр къыщыдзыуихым КІуэкІуэ Казбек. - Ди мурадщ 2024 гъэм и кІэухым ирихьэлІэу щІыналъэм къыщалажь мылькур сом мелард 300-м щІедгъэгъуну».

ЗэІуІщІэм зэрыщыкІэмкІэ, мэкъумэш Іэнатіэм хэпщІыкІыу зиужьащ: илъэ ита илъэсым епльытмэ, проценти 110,1-рэ мэхъу. Мэкъумэш ерыскъыпхъэу къалэжьащ сом мелард 89,5-рэ и уасэ. Ухуэныгъэм щыщыІэ щытыкІэм утепсэлъыхьмэ, 2022 гъэм елъытауэ абыи зиужьащ: проценти 105,9-рэ мэхъу, е сом мелард 38-рэ хуоз. ПсэупІэ унэу ятащ метр зэбгъузэнатІэ мин 559-м щІигъу. Сату Іэнатіэми зеужь. Апхуэдэщ туризм Іэнатіэри. Абы къыщалэжьауэ проценти 3,3-рэ хэпщ республикэм 2023 гъэм кьихьуа мылькум. Иужьрей илъэси 5-м ебгъапщэмэ, ар хуэдитІым щІигъукІэ хэхъуащ. Дыззрыт илъэсым, къэкІуэну зэманым экономикэм щыщыІэ щытыкІэм нэхъри зрагъэжьыну я мурадщ.

КІуэкІуэ Казбек Советым хэтхэм къалэн ящищІащ 2030 гъэм нэсыхункІэ тещІыхьа экономикэ зыужьыныгъэ стратегием иджыри хэплъэжьну. ЩІыналъэм къыщалэжь мылькур нэхъ мащІэ дыдэрауэ сом мелард 800-м нэсын хуейщ, ди щІыхуэкІэ яІэ хэхъуэр урысейпсо мардэм нэсын папщІэ. «А Іуэхум гулъытэшхуэ хуэтщІынущ, бжыгъэр зи лъабжьэ экономикэм зедгъэужьу, продукцэм елэжь унэтІныгъэм зедгъэшэщІу», - жиІащ республикэм и УнафэщІым.

Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ советым хэтхэм я зэІуІщІэм кьыкІэльыкІуэу, КІуэкІуэ Казбек яхуэзащ республикэм хьихьэ щІыналъэхэм, къалэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

«Советым хэтхэм я зэІуІщІэм къыщыгІэта Іуэхугъуэ псоми я лъабжьэр Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къатхуигъэува къалэнэхэращ. Псом нэхъри кІэлпЫкІуэу цІыхухэм я хэхъуэм зыкъеГъэІэтынращ, - жиІащ республикэм и пашэм. - Апхуэдэу гулъытэ хэха хуэщІыпхъащ дзэ Іуэхугъуэ хэхам хэт ди лъахэгъу зауэлІхэм. Мы зэманым доЛаІэ абыхэм ерыскъыпхъэрэ щыгъэныкэмрэ яуедгъэшэныи».

ЗэІуІщІэм къыщІэтащ мэлыжьыхь мазэм кьриубыдэу республикэпсо щІыхьэку дэнэкІи щегъэкІуэкІын зэрыхуейри.

«Лъэпкъ проектхэр гъэззащІэнри Іэпэдэгъэлэп тщІы хьунукъым, набдзэгубзапІъуэ кІэлъыплъын хуейщ ахэр и чэзум икІи фІагъ лъагэ яІэу зэфІэгъэкІыным», - къыжигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

Ди къуэш республикэхэм

ШколакІуэхэм я олимпиадэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я еджакІуэу 100 хэтащ «Псыр псэхэлъхьэжщ» географие олимпиадэм.***

АПХУЭДЭ зэпеуэр къыззрегъэпэщ АКЪУ-м естествознаниемкІэ и факультетым географиемкІэ и кафедрэм. Зэпеуэм я зэфІэкІ щеплъыжынущ республикэмрэ Краснодар краймрэ я школхэм я еханэ-епщІанэ классхэм щеджэхэр.

Мы гъэм олимпиадэм щытекІуащ ныбжьыщІэ 21-рэ, 47-рэ кьыхэжаныкІащ. БжьыпІэр зыубыдахэм ящыщу Пэныжьыкъуэ къуажэм Нэмытхъуэ Ю. К. и цІэр зэрихьэу щыІэ школ №91-м щыщ еджакІуэ 14. Апхуэдэу текІуахэм яхэтщ Новэ Адыгей, Гъэбыкъуей, Яблоновскэ, Мейкъуапэ я еджакІуэхэри, - къет АКЪУ-м и пресс-Іуэхущіапіэм.

Тхыдэр, щэнхабзэр…

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ, цІыхубэ коммуникацэмрэ печатымкІэ и министерствэм къызэригъэпэщыныр Черкесск щекІуэкІынущ «КъШР-м щыпсэухэм я тхыдэр, щэнхабзэр, къадекІуэкІхэр» зэпеуэр.***

ІУЭХУР хуэгъэзащ Къэрэшей-Шэрджэс щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я кІулеигъэр къэгъэлъэгъуэным, щІалэгъуалэм яку дэлъ лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэр нэхъ куу щІыным. Ар ирырагъэхьэлІащ Урысей Федерацэм и Президентым и Указкіэ 2024 гъэм Унагъуэм и илъэсу зэрагъэувам.

Джэгу зэпеуэм и Іыхьэхэм ящыщ зыр теухуащ унагъуэр, абы къыдекІуэкІ лъапІэныгъэхэр хъуэмэным, ар гъэбдэным я мыхьэнэм. ИпэжьпІэкІэ унагъуэрщ къыщежьэр лъагъуныгъэр, зыззэхущІыкІыныр икІи щІалэгъуалэр хуеГъасэ гуапэу, пэжу щытыным.

Мэлыжьыхьым и 6-м зэхьэзэхуэнущ КъШР-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я гупи 10. ТекІуахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ къагъэлъэгъуэнущ къьхьа балл бжыгъэм. Фигу къэдгъэкІыжынщи, мыпхуэдэ зэпеуэхэр щІыналъэм иджыещанэу щокІуэкІ.

Дыщэм къыхэщІыкІащ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Лъэпкъ банкым къыдигъэкІащ ипэ абхъаз пащтыхьу щыта Леон Етіуанэм и теплъэр къызытещ дыщэ ахъшэ жьгъей.***

Іуплъапіэм - аверсым - къытощ Абхъаз пащтыхьыгъэм и картэр. Абы итщ ахъшэм и уасэри, къыщыдагъэкІа гуэрыр. Апхуэдэуи щыбольагъу Абхъаз Республикэм и къэрал гербыр.

И щІыбагъымкІэ - реверсым - Апсна Леон и теплъэр итщ, ижьырабгъумкІэ сатыриту «Апсна Леон» къытещу.

Ахъшэ жьгъейхэр 300 мэхъу. Художникыр Габлие Русланщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЛІыгъэр уахътыншэщ

Урысейм и полк уахътыншэм къыхилъхьащ «Дэ а фэеплъым дыхуэпэжщ» урысейпсо зэхьэзэхуэр. Ар къызэрагъэпэщ Щэнхабзэ жэрдэмхэр ядэІыгъыныкІэ президент фондыр къадэІэпыкъуу.

ЗЭПЕУЭМ хэтыну ирагъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и музыкантхэри, макъамэтхэри, уэрэджыІакІуэхэри. Зэпеуэм егъэхьын хуейщ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я лІыгъэм, СВО-м и лІыхъужьхэм хуэзохалъхьа я Іэдакъэщіэкіхэр.

Урысейм и полк уахътыншэм и штаб нэхъыщхьэм и унафэщІхэм ящыщ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Цуканаевэ Еленэ зэрыжиІэмкІэ, зэпеуэр щІэблэхэм я зэпыщІэныгъэм и дамыгъэ хъунущ, абы и кІэух Іыхьэр Совет зауэлІым и фэеплъу Ржевск щыІэм зэрыщрагъэкІуэкІыными мыхьэнэшхуэ иІэщ. «А фэеплъым щІыхуэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм, ягу кьегъэкІыж Хэку зауэшхуэм щыгъуэ совет щІыхубэм яхэлъа лІыгъэмрэ ТекІуэныгъэм щІата уасэр зыхуэдизымрэ. Аращ мы Іуэхур абдеж къыщызэщІэтхъуэжьну щІэдгъэбелджылар», - къыхегъэщІабы.

Театрымрэ киномрэ я актёр, журналист Мамаев Михаил жиІащ зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзырыну усэхэмрэ уэрэдхэмрэ къэрал псор зэригъэубыдыну, уеблэмэ зэман дэкІмэ, ахэр зэІэпахыу хъуну къызэрилъытэр. «Сэ гурэ псэкІэ зыхьзощІэ «дэ а фэеплъым дыхуэпэжщ» псалъэхэр. Ауэ дэтхэнэри дызэущІыжьыпхъащ «Сыхуэпэж сэ а фэеплъым?» - жьытІу.

Мыбы теухуа и Іуэху епльыкІэр къигъэльэгъащ Луганск ЦІыхубэ Республикэм щІыхь зиІэ и артист Чуйков Сергеи. Абы игу къигъэкІыжащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам щыщІидзауэ щытар, къыхигъэщащ апхуэдэ лъэхъэнэ нэхъ гугъуэхэм уэрэдымрэ макъамэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр. «Донбассым щыпсэуэхэм я хуитыныгъэхэр яхъужьмэкъну 2014 гъэм щыІэжьауэрам, артистхэм ахэр зэрязэгъэшхуэн уэрэд димыІэу къыщІэкІат икІи Хэку зауэшхуэм теухуахэр къэтщтэжьын хуей хъуащ. Иджы си фІэщ мэхъу мы зэхьэзэхуэм и фІыгъэкІэ, Урысейм и тхыдэм къыхэжяну уэрэдхэр къызэрыунэхунур», - жиІащ абы.

Урысейм и полк уахътыншэм и Іэзэщ Іакіуэ комитетым и унафэщІ Шадринэ Наталье зэрыжиІэмкІэ, зэпеуэр Іыхьитхуу гуэшауэ щытынущ. Уэрэдым и мызакъуэу, абы ирагъэжь хъунущ макъамэщІэ ятхахэри, усэхэри Хэкум и лІыхъужьхэм трауха суратхэри.

- Нэхъ ипэкІи мы зэхьэзэхуэм хуэдэ едгъэкІуэкІауэ щытащ, Лановой Василий и фэеплъу. «Ягуэхр къызэщІегъэушэ» фІэтщат а Іуэхум. Абы щыгъуэм къытхуагъэхьащ ТекІуэныгъэр къытхуэзыхьахэмрэ СВО-м хэтхэмрэ ятеухуа усэхэр. Аэр щызэхуэтхъэсыжа тхыдэпэ СВО-м мы зэманым щыІэжьм щаІэрыдгъэхьам, абыхэм ещанэм я гур къызэфІэмынэу, я нэпс къемыкІуэу къэнакъым. Абы къыхэкІыу икьукІэ мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ мы Іуэхум, - дыщІигъуащ бзыльхъугъэм.

Зэхьэзэхуэм зэрыхэтыну тхыгъэхэр Урысейм и полк уахътыншэм и сайтым мэлыжьыхьым и 29 пщІондэ ещанэ уэрэдыр. Ар зэрекІуэкІынуэ уэрэдуэ нэхъыбэ къыщыфщІэфынущ 8-800-201-94-50 телефон номерымкІэ фыпсалъэмэ. Зэхьэзэхуэм щытекІуахэм я цІэр къраІуэнущ накъыгъэм и 9-м - ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм.

Хэку зауэшхуэм е СВО-м и лІыхъужьхэм ятеухуауэ зи уэрэд нэхьыфІы къальытэхэм Іэмал иІэнущ атащ цІэрыІуэхэм я гъусэу утыку къихьэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Зи Іэщ Іагъэм хуэпэж егъэджакІуэхэр

● Дифі догъэтъапІэ

Дэтхэнэ лъэпкъри цІэрыІуэ хъун папщІэ, абы и къуэпсхэр гъэсэныгъэм, щІэныгъэм, гущІэгъум, хабзэ-нэмысым хуишинхьэщ. МахуэлІхэ я лъэныкъо къыхэкІауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зи гъащІэр езыпхъэхэм ящыщ цІыху зыбжанэм ди газетджэхэр щегъэгъуазэ «Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъу пэж, адыгэзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Махуэлі Беслъэн.

«ФІЫМРЭ ІейимрэдауэзэхбгъэкІын, ар зыгуэрым къыбжимыІэмэ, умимыгъэІущмэ, умимыгъэпсагъуэнэ. Мыр зи пщэрыльыр адэ-анэр арами, педагогикэ ІэщІагъэхэм ирилажьэхэм я къэпсэкІ зи ныбжьыкІэхэм хохьэ. Тхьэм и фІыщІэкІэ, МахуэлІхэ зи мащІэкъым апхуэдэ цІыхуэхр, щІэблэм ядэлажьэхэр, фІыгуэр зыгъэбатэхэр.

ЩІэм и лъэхъуакІуэ

Махуэлі Анжелэ МыхьэдинИ и пхъур КъамылыкІуэ дэт курыт еджапІэм и унафэщІу зэрылажьэрэ илъэс куэд щІагъ. БиологиемкІэ егъэджакІуэ ІэщІагъэр зиІэу еджапІэ нэхъыщхьэр къэзыухъу къуажэм къэзыгъэзэжа Анжелэ школым щызэхэт пионер зэгухэныгъэм и унафэщІу лэжьащ. Куэдрэ сигу кІоклъэ а зэманыр. Сытым хуэдиз щІэуэ дигъэщІа икІи дигъэпльэгъуа абы пионер гъащІэм, гуащІэм екъэлаУэ!

Анжелэ школыр зыхуей хуэзыгъазэ, дэтхэнэ зи еджакІуэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ зиІэ, адэ-анэхэми и нэІэм щІэт лажьакІуэхэми ягуэрІуэф цІыхуэ, Теплъэ гуакІуэ зиІэ, зэпІэзэрыт, Іэмащ Іэлъэмащ Іэ цІыхубзым куэд хуэзфІокІ. Абы и лажьыгъэр щыщапхъэщ районми республикэми. Мызэ-мытІуэ къыхуагъэфащэ щытхъу фІыщІэ хъыпхъэм ирипльагъу щыс цІыхухьым ар, атІэ, зэманым декІур лІыфІщ, жыхуаІэраци, зэпеуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, щІэныгъэм щыхагъахъуэ еджапІэхэм кІуэ зэпытщ.

И лажьыгъэр фІыуэ зэрильъэхъуа ІэщІынэмыщІауэ, абы и щхэу куэдым щыгъуэзэщ. Анжелэ занщІэу еджапІэм и унафэщІ ящІакъым, абы ар хуэзышар и лажьыгъэфІырщ, Іэхэу зехьэкІэ пэрытырщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт мыри. Ди республикэм щекІуэкІа «Илъэсым и вожатэ нэхъыфІ» зэпеуэм бжьыпэр ящыщІэзыхьа цІыхуэ ар. Нобэм ягъэзащІагъуэ ягу къагъэкІыжь Анжелэ абы зэрызыкъыщигъэлъэгъуар, лжьыгъэу зэпеуэм и утыкум ирихьар.

Ныбжькъэ хэкІуэтауэ щымытми, куэд къэзыгъащІэу куэд зыльэгъуа цІыхум хуэдэщ абы и псэлъэкІэр. Зыми я жагъуэ зэримыщІын гуращэр и мураду мэпсэу. Унагъуэ дахэу зэрыпсэури. ЩхьэгъусэрэбгъэкІэ зиІэ цІыхубзым езым и унагъуэми ильщ дахагъэ, зэгурыІуэныгъэ, гъэсэныгъэ. Апхуэдэжхэуи щылажьэ еджапІэм гулъытэ хэха щыхуещІ еджакІуэ цІыкІуэхэм щІэныгъэ куэм ягъэзэгъуэныгъ, лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу яхэлъэныбм.

ЗыхэІэбэр мэбатэ

Илъэс 43-рэ хьуауэ курыт еджапІэм физкультурэмкІэ и егъэджакІуэщ Махуэлі Хьэмидбий и хуэр Пагъыр. ГушыІэныр зыфІэфІ, дэтхэнэ зи еджакІуэми зыщІэзыгъакъуэ, ядэІэпыкІуэ щыхуэкъур щапхъэщ. Абы и дерс тыкІэр, ныбжьыщІэхэм яхуиІэ бгъэдыхьэкІэр адрейхэм къащхьэщокІ. ГъэщІэгъуэну зэхэухуэна къудейкъым абы и урокэр, атІэ сабийхэм я узынщагъэр ефІэкІуэным сэбэп хуэхъуІ.

Къаплъэ, Пагъыр сэ сриГъэджам имызакъуэу, ди класс унафэщІу щытащ. Ди классыр тІэкІу мыдаУэзэм ящыщти, дратауэ щытащ Махуэлім. Абы и макъ зрилъэІэтауэ, ямыпсэуу зищІауэ зэ закъуи сымылъэгъуа, пэжжыр жысІэнщи. КлассщІэ пшыхьэр куэдрэ еджапІэм щыдигъэзэгъэгъуэщ абы. Ди еджэныгъэм къыдэкІуэу, ар хуабжьу кІэлъыплъу щытащ ди гъэсэныгъэмэ. Зы мазхуэ къэнакъым ар ди класс пэшым къыщІэмыхьэу, гъэщІэгъуэн гуэр къыджимыІэу. Классым щІэсхэм ящыщ дзтхэнэми гулъытэ къытхуихьащ.

Зи лъэныкъо фІыуэ зэрильъэхъуа ПІагьир фІыщІэ тхьилъэрэ и мащІэкъым. Ар зыгъэзэгъэ батэу зэрыщытыр псомэ ящІэ. ЕгъэджакІуэ лэжьыгъэм къыдэкІуэу, Махуэлі Іэжьащ еджапІэ унафэщІым и къуэдзэу. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ спортым зи гуащІэр щхьэузэхьх хуэзыщІахэр. КІыинэмыщІауэ, ПІагьир цІыху ІэпщІэнрабгъэ щхьэмызагъэ Іуэху щымыІэу. Унагъуэ дахэу мэпсэу, бынхэр, къуэрылъхуэпхъурылъхуэхэр иІэу.

ЩІэ и уасэу зы

АдэкІэ псалъэхэр зыхуэзгъэпс цІыхубзыр къуажэм, районым, республикэм къызэрыщащІыкІр абы бгъэдэлъ щІэныгъэм и закъуэкъым, атІэ ар зэпІэзэрыту зэрыщытым, гущІэгъу зэрыхэлъым, адыгэбзэр фІыуэ зэрильъэгъумкІэщ. Зи гугъу сщІыр Махуэлі Жаннэ Шагъырбий и пхъур ара.

ЩІэ и уасэу зы! Апхуэдэщ Жаннэ. Ар зыхуэмыІэзэ, зыхэмызагъэ щымыІэми ярейщ. Илъэс куэд щІауэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и егъэджакІуэу лажьэ щІыхубзым и нэІэм щІэтхэм ярегъаІуІэ, ІІуреть-хьэ адыгэбзэр. Абы и гъэсэнхэм бжьыпэр сыт хуэдэ зэпеуэ-зэхьэзэхуэми къыщІэхь. «Илъэсым и егъэджакІуэ зэхъуэкІ» ІІуреть-хьэ ныбжьыкІэ ящІэ зыбжанэрэ къыфащащ Махуэлім. Республикэм щекІуэкІ зэпеуэхэм, районым къыщызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтщ Жаннэ, бжьыпэр щиубыдыр нэхъыбэу.

Зи лажьыгъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, гъэсэныгъэ лъэщкІэ еджакІуэхэм ябгъэдэт, бзэр тарэзу езыгъэджэхэм я курыт цІыхубзщ ар. Дерс тыкІэ ихьэлэмэт зиІэщ Жаннэ. Іэрылъуатэм, тхыдэм, адыгэхэм я хабзэм фІыуэ щыгъуазэ егъэджакІуэм и дерсхэр удэзыхьэкІ, узыгъэгупсысэщ, щІэкуэдэ, къэзыгъащІэщ. ФІыщІэ тхылъу абы иІэр мащІэкъым. Махуэ къэмынэу зи щІэныгъэм хэзыгъахъуэ, лажьыгъэкІэ щапхъэ Жаннэ и унафэщІ фІы дыдэу мэпсэу. Абыиз и щхьэгъусэмрэ щІэблэ дахэ ящІыуэрэ.

Беслъэн зи цІэ къриІуахэр Къамылыкъуэ къуажэм и курыт еджапІэм щылажьэ ІэщІагъэлІхэм ящыщІ. Хэкупсэ зыІут щІалэр ирогушхэу, ирогагъэ зыщІащ лъэпкъым къыхэкІахэм, я жылэм къыдэхъуэщІэблэр гъуэгу захуэм тезыгъэувэжэм. Апхуэдэу дэтхэнэми ифІ игъэльэпІэжьын хуэпэ.

Зыгъэхьэзырар
ТАМБИЙ Линэщ.

ЕпщІэ хъунур сыт?

● Щ1ыуэпс

Техьэгъуэзехьэ аргуэйехэр я теплъэкІэ хъащхьэщокІ ди щІыналъэхэм узыщІихьэпІэ аргуэй вухэм. Ляэм и фІалъэ лъакъуитІыр кІыхьщ, щыщысым деж и ныбэмрэ и пэ кІыхьымрэ занщІэпсу дэкІуейуэ, мыдрейхэм я щхьэмрэ я ныбэмрэ уэзжеплъмэ, мазэ ныкъуэм ещхьу я тхыр Іэтащ, я кІэр ешэжащ. А псори цІыхум зыпаплъыхьркъым, псэу я къаукІ е Іуаху мыхъумэ.

Нобэ куэдым я фІэщ хъункъым, ильэси 100-кІэ дызэІэбэкІыжмэ, ди адыгэхэм я щІыналъэу къэкІуэжа Сочэ, Абхъазыр, Адлер тезыр зытелъхэм я гъэкІуэдыпІэу щытаэу, апхуэдизу техьэгъуэ узыр къезыхьэкІ аргуэйехэр щыкуэдти. Тхьдэм къызэрыхэщыжьмкІэ, 1920 гъэм Сочэ и сымаджэщхэм ирашалІэрт «трясуха» зыІфащэ а узыр зэуэлІахэр. Аэр апхуэдизу куэд хъуати, сымаджэхэр уэрамхэм щагъэгъуэлъырт. 1923 гъэм а сымаджащым и дохутыр нэхъыщхьэ Соколов С. мурад бьдэ ищІащ сымаджэхэр игъэхъужу, а узым и къежьапІэри игъэкІуэдыну. Апхуэдэу Сочэ япэу щублащ техьэгъуэ аргуэйем ебэныр: щэдрыпхэр ягъэгъуцІырт, дэнэкІи эквалипт жыгъэр щыхасэрт.

А псори зэуэ иригъэкІуэтэкІащ Америкэ Ипщэм къраша гамбуэийкІэ зэджэ бдзэжьей гъуабжэ щІыкІым. Хэт игуэнт хы ФІыщІэ Іофэм щыІэ Кавказым и зыгъэпсэхупІэхэм я къэкІуэнур а зы псэущхьэ щІыкІым елъытауэ. Абы ипэкІэ ахэр зыми яцІыхуу щытакьым, аквариумхэм хэсу бдзэжьей зыгъэхъу щІыку закъуэтІакъуэхэм сфІэкІа. КъызэрыщІэкІамкІэ, абыхэм я шхыныгъэр аргуэйехэм я хупсэрт. ЗэрыфащІэщи, ахэр аргуэй анэхэм щалыгъэр псыпщІэхэм, щэдхэм, псы инахэм я щхьэфхэрщ.

1923 - 1956 гъэхэм Сочэ и теплъэу щытар тхакІуэхэм я гукъэкІыжхэм къызэрыхэщыр уэрамым къыщызыкІухь сабий куэдейхэм, я ныбэ цІыкІухэм псыр кІеижьыу трагъэжауэ, гамбуэий бдзэжьей цІыкІуэхэр хэсу къызэрырахьэкІырт. Ахэр псы зэдащІэ щІыпІэ къэс яхьырти, хаутІыпщхьэрт, здынэмыса щІыпІэ къэмынаут. Апхуэдэу аргуэйем ебэныр цІыкІри инри.

1956 гъэм, Сочэ и къалэ Советым и зэІущІэхэм ящыщ зым дохутыр Соколов С. япэу къыщІэнсэпльащ а илъэсым и кІуэцІкІэ техьэгъуэ уз зыпкъырыт зы цІыху зэрамыІар - къамыкъуа икІи зыри зыпэмыплъа текІуэныгъэт ар. Сочэ къалэр техьэгъуэ узым щызыхъума бдзэжьей цІыкІум фэеплъ хуагъэуваУэ щытащ. Абы къыщыщІэдзаУэ а щыпІэхэм техьэгъуэм и щхьэр къыщІэтыжакъым. Нобэ а бдзэжьей цІыкІур хы ФІыцІэ Іофэм Іусхэм ягъэхъу, хуейхэм щІэпІэнэ зиІэр. Аргуэй уз зехьэхэм уаэзрыпэщІэтыну Іэмал куэдым нобэ дуней псор щыгъэзащІ, ауэ Африкэм и къэралхэм нобэкІэ а Іуэхум трагъэкІуэдэн мыльку ябгъэщдэлъхьыж.

Иджырей Іэмалхэм ящыщ зы: генэкмкІэ инженерхэм ирагъэкІуэкІа лажьыгъэхэм я фІыгъэкІэ малярие аргуэйехэм пэлъэщым мутантхэр къэунэхуащ икІи ахэр яутІыпщащ. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр узыр зэбгрыкъуэ ген хаутІыпщхьэрэ, нуклеиныкъуэ. АдэкІэ ахэр дрохимкІэ зэбгрыкъуэ хуейуэ къыхэзылъхьа щІэныгъэлІхэри щыІэщ. Апхуэдэ щыкІэкІэ щІыкІуэ здыиэмыс щІыпІэ гугъуэсыгъуэхэр, псом хуэмыдэу ахэр щыбгэгъуэ Амазонкэ джунглихуэдизкІэ, аргуэй мутантхэр къэгъэсэбэныныр зымыдэ къэрал куэд къуэващ икІи абыхэм я Іуэху епльыкІэр псом нэхърэ нэхъ тэмэму къыщІэкІащ. Генеринженерэхэр ахуэдизкІэ щыщІэгъуэ техьэгъуэхэхэр аргуэйем мутантхэм зыщадзейуэ икІи куэдкІэ нэхъ багъуэу хуежьащ.

Псэ зыІуту къигъэщІам мы щІыпІэм щІэжащ езыхэм я щхьэбжьыгъэрэ я уфыпІэм я хабзэхэр зыкъуэжьным техуауэу щІэныгъэлІхэм къэхутэныгъэрэ гъэунэхуныгъэ ирагъэкІуэкІхэм къагъэлъагъуэ, псэущхьэхэм я нэхъ жьгъей дыдэми зэрязихьумэк Іэмалхэр (инстинктхэу) щІыгъуу дунейм къэзырытехьэр.

Абрикэм Сочэ хуэдэу гамбуэийкІэ щІыпІэхуэгъэсэбэныныкъым, ауэ а щІыпІэ пщтыр псыншэхэми я аргуэйем япэлъэщыжьми гуэр къыщынэхуащ. Ар щІыуэпсым и лъэкІныныгъэ.

- Тропик аргуэйехэми я къалэныр зрагъэзащІэ. Ахэр мэз Іув узыпхъмыкІыфхэм - джунглихэм я хъумакІуэ, - жаІэу къэкІуэкІ. Абыхэми щІыхэр нэсауэ, я дунейр щІэпІэлІетйкІэ, езыхэри я гуэнапкъэм къимыкІынкІэ Іэмал иІэкъым.

Дунеяплъэ цІыхум къикІуэныкъыр зыщІэзыгъ, ауэ абыхэм къагурІуэпхъэщ зи щІыпІэмэрэ зи щІыуэпсымрэ Урысейм ейм пэгъунэгъу щІыпІэхэм зыщыпплъыхьыныкІэ Африкэм укІуэн нэхърэ сыт и лъэныкъуэкІи нэхъ зэррышынагъэунэщ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Губгъуэм йохьэ

Гъатхэсэм ялу пэрыхьа Май къалэмрэ Котляревскэ жылагъуэмрэ я мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм мы зэманым ирихьэлІэу хьэпцІий гектари 126-рэ хасащ.

БЖЬЫХЬАСЭ ГъавэУ гектари 480-рэ яІэщ. Абыхэм ХьарэпынэУ зыкъаужьащ, ГъавэрэзкІэкІэр абыхэм я щытыкІэмкІэ арэзыщ. Гъатхасэри бжьыхьасэри зэгъуэгу районым гектар мин 17 иІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, иджыпсту республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм я псоми и кІэм щынагъэсащ губгъуэм ихьэну техникэхэр гъэхьэзырыныкІэ лажьыгъэхэр. Апхуэдэу абыхэм гъатхасэр къызэрырахьэлІэну дагъэзэсыныпхъэмкІэ зыкъызэрагъэпэщ. 2024 гъэм екІуэкІыну губгъуэ лажьыгъэхэм хэтынущ трактор мин 28-рэ, ГъавэР зэрыкъасэ техникэ мин 16, щІыр зэрагъэщабэ мин 18.

Хозяйствэхэм дизель гъэсыныпхъэрэ бензину яхурикъунум хуэдиз нефтебазэм иІэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дызыхуэныкъуэ ІэщІагъэ

Зэманым тІорысэ ищІ фэеплъхэр, гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я щІэнихэр, тхыдэ ухуэныгъэхэмрэ хьэпшыпэмрэ хуэм хъунымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ ахэр къэгъэщІэрэ щІэныгъэ зэрыуэнагъэр, зэрынабдзэгъэщІ, ящІэныгъэ зэрыхуэпагъэр, зэрынабдзэгубдзапІэр абыхэм ядыбольагъу. УпщІэ кхуэ къыдатащ Іэщ Іагъэм ехпаУэ нэхъ яфІэгъэщІэгъуэнхэм теухуауэ».

Пэшхэм щІагъэувэу ІуэтащІэхэр зыхуей хуэгъэзэжьным техуэ дерсхэр щрагъэдзІуащ Москва щекІуэкІа Denkmal дунейпсо гъэпсыгъуэныгъэм «Пхъэм къыхэщыкІахэр къызэрагъэщІэрэщІэж» и лъэужьыгъуэ тегъэкІуныгъэ къыщызыхьа, «ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр» зэхьэзэхуэм (Иркутск къалэм) пашэ щыхьуа Воронин Борис, Іуэхуа зыхьэ тыгъэ ныжь, студентхэм я зэфІэкІыр щІагъэбдыджу, уэзгдыгъеми къыхэщыкІа Іпхьэбгуэхэм къызэрыхабзыкІыр ягъэльэгъуащ.

- Зэман диІэр мащІэмэ, сэ сыт щыгъуи сыхуІуокъу къызэдауэрэ ІэщІагъэм ехьэлІауэ нэхъыбэм зэрыхэзгъэгъуэзэным, чэнджащ щхьэпэжэ естыным, - жеІэ Воронин. - ЗэрысщІэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым унэльащІэхэр къызэрагъэщІэрэщІэж щІыкІэм щызыгъагъасэ къудамэ иІэкъым, абы къыхэкІыу а Іэмалым гулъытэ хуэтщІыну тфІэкъабыл хъуащ. Шэч хэмылъу, студентхэр а Іуэхуми дихьэхащ.

«Дерсхэм гъэщІэгъэн икІи щхьэпэ куэд къыщыщІащ. Сурэт зытращІыхь чэтэнкІ зэрытрабзэ Іэмал зэхуэмыдэжм, гуаныэ щыкІу зиІэ щІыпІэхэм зэрелажьыжым, нэгъуэщІхэми дыщагъэгъуэзащ. Абы щхьэкІэ икъукІэ фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт Москва къикІа Іэщ ІагъэлІхэм», - жеІэ Дизайнныкъ Іэ колледжым и студентКэ Етту Элинэ.

Хьэщхэм я кьюкагъэщащ колледжым щІэсхэр Іуэхум къыззрымыкІуэу зэрыдихьэхьр я гуапэ зэрыхъуар. ЕджапІэм и мурадщ адэкІи Урысейм и Ресторатурэм я зэгухьэныгъэм зэрыдзлажьэр ящІэрыфэкІуэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Тхьдэ щІэинхэр

Урысейм и археологхэм зэпыу имыІэу Кавказым и Іуащхьэхэр къатІэщІ, и чэщанэхэм я къежьэкІар ядж икІи сыт щыгъуи къагъуэт ди щІыналъэхэм я тхьдэ жыжьэр къызызыщІэинхэр.

ИДЖЫБЛАГЪЭ археологхэм ди гъунэгъу Ингуш Республикэм къыщагъуэтащ гъуаплъэмрэ дыжьыныкІэ къэхащІыкІа ахъшэхэр. Аэар 16 мэхъу, XIV лІэщІыгъуэм хеубыдэ. ЩІэныгъэлІхэм къызэрахуагъэкІ, «дирхамхэр» - щІалІэр ІыщІэм и зэманыщ, Кавказ ИщхьэрэТохъуэтмышцэ Тамерланрэ я дзэхэр щІыззэуя ящІэрт. Ахъшэхэр къыщагъуэта Тумги быдапІэм къыдекІуэкІ хъыбар жыжьэм къызэрызхъыжьмкІэ, ингуш лъэпкъым и лІыхъужь хахуэ, зауэлІ хъыжьэ Гий щІыфІ къыздилъхьэуэн, зыщІынІэ и дек къыщыщІэтеувІэрэ, елэбжьыкъ къыщІэщІ ІэмыщІар и Іэгум быдэу ирикъуэащ, псы къыщІэжьыу. «Мис мащІэ дагъэщІ», - жиІащ абы, ар щитльагъум. Хэт ищІэрэ, щІыдагъэу къыщІэкІынт абы къыгъуэтар. Дауэ хъуми, а щІыпІэм - Тумгой ауэым - цІыхухэр щитІысІкІащ. Нобэм къэс абы щІыхуэма хъуащ цІыхухэр щыпсэуа чэщанэ 15-рэ зауэлІхэм быдапІэу къагъэсэбэпа 1-рэ. Иужьрейм и лъагагъэр метрэ 24-рэ, блынжэм я ІуваГъэр сантиметр 90 мэхъу. Кьаитхуу зэтет чэщанэм щІыщІагъ ухуэныгъэм 6 иІэщ. XIV лІэщІыгъэкІэ хиубыдэу. Археологхэм щІэм къытрахьэркъым абдежьым Тамерлан и унафэм щІэувэну хуэмея бгырыскэр зэрыщыщІэсуэм.

Псом хуэмыдэу тхьдэ щІэин куэд къыщагъуэтащ Ингушым и Джейрах щІыналъэм, «археологхэм я гъэтІылъгъэкІэ» зэджэм. Илъэс кІуам Цори чэщанэм кІэщІэлъэда псым кьигъэуа къхэлэгъунэм къыщагъуэтащ илъэс 300 зи ныбжь хьэпшыпхэр. Курыт лІэщІыгъуэм яуха а къхэлэгъунэм къыщІэхащ Іэщэ, ингуш цІыхубзхэм зэрахьэу щыта пІыхэр, цІыхубз, сабий шырыкъэхэр, цІугъэн зэмылІэужьыгъуэхэр, пхъэхуей пхъафэм тет тхыгъэхэр, зищІысыр къахухэмыщІауэ къэна хьэпшып мыцІыхуу зыбжанэ.

ЦІыгъэнэхэм ятеуухуа Іуэрыпуэти къадокІуэкІ ингушэм: XVII лІэщІыгъуэм Цори быдапІэм тепщаныгъэр щиІыгъащ Моргушкэ зэджэ нэрыбгей ингуш цІыхубзым. Ар дзэпщ нэст - шабзэр хуэдэ щымыІэу идзырт, унафэщІ хьыжьэт. Абы и жьауэм щІэтт езым хуэдэ зауэлІ щхьэмыгъазэу 60.

Моргушкэ и дзэр бийм щебгъэкІыІуэм деж езыр сыт щыгъуи и пэм итт. Апхуэдэ зауэжэм ящыщ зым щыхэкІуэдащ ар икІи щІыхь пылъу щыщІалъхьащ чэщанэм и ипщэрабгъу лъэныкъуэмкІэ щыІэ кхъуэнэм (мавзолейм). А щІыпІэм ноби Магущкэ и кхъащхьэкІэ йоджэ.

Иджы дыдэ тхьдэ мыхьэнэ зиІэ археологие щІэинхэр къызэдапщытэм, щІэныгъэлІхэм къагъуэтащ дыжьын «акче» - тырку сулъТан Мурад III и ахъшэ. Ар нэрыбгей хахуэм ейуэ щытауэ хуагъэфащэ. Ингуш щІыналъэм и бгылъэ щІыпІэхэм ар зэрынэсар Дарьялкіэ къикІыу Кавказым хьэхуэкІуэ гъуэгумкІэщ, ахъшэхэр щащІар 1574 - 1575 гъэхэрщ, - шэч къытрахьэркъым археологиемкІэ Крупнов и цІэр зезыхьэ центрым и лэжьакІуэхэм. Къагъуэта ахъшэр щымыІэ зырызу къалъытащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэкупсэхэр ди мащІэкъым

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм хъыбар кьызэритамкІэ, иужьрей тхьэмахуитІым зэгурыІуэныгъэкІэ дзэм къулыкъэр щызыщІэну хуейхэм я бжьыгъэм хэхъуащ.

«МЫ илъэсым и пІэщІдзэм щегъэжьауэ Урысейм Іэщэкіэ ЗощІэуэзда и Къарухэм зэгурыІуэныгъэкІэ дзэ къулыкъур щрахьэкІыну щыІэ мини 100-м щІигъу хыхьащ. Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэкам хэтыну гупыж зиІэхэр иужьрей махуэхэм хэпщІыкІыну нэхъыбэ хъуащ. Дзэм къулыкъу щызыщІэну хуейхэр къыщыухахьыу Урысейм и къалэхэм щылажьэ Іуэхущ Іапі эхэм а махуэхэм екІуэлІахэм драгъэкІуэкІ псалъэмакъэхэм зызэрыхэщыщІыкІэ, апхуэдэ жэрдэмхэм нэхъыбэу и щхьэусыгъуэр гъатхэпэм и 22-м Москва областым щыІэ «Крокус Сити Холл» концерт гъэлъэгъуэныгъэм щалэжьа щІэпхъаджагъэ гущІэгъуныгъэ хэкІуэдахэм яльэ ящІэжьну зэрыхуейр,- щыжаІащ УФ-м ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и министерствэм.

Іэнатіэм къызэригъэльагъуэмкІэ, къэралым и щІыналъэхэм щылажьэ военкоматхэм махуэ къэс ІокІуэлІэ щыІэ мин 1,7-м нэблагъэ, Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэкам хэтыну хуейуэ зэгурыІуэныгъэкІэ иужьрей махуипщІым щыху мин 16-м иращыІлащ.

Зэдзлэжьэну зэгуроІуэ

Азербайджан Республикэмрэ Тырку къэралыгъуэмрэ я зэпыщІэныгъэхэм зэрызрагъэубгъуэным теухуа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ. Абы ипкъ иткІэ, иджыблагъэ Азербайджаным къэкІуащ Тыркум и президентым и администрацэм зыхъумэжныныгъэ и промышленностымкІэ и комитетым и унафэщІ Гёргюн Халюк зи пашэ гуп.

ЗэІущІэмщытепсэлъыхьащ къэралитІым яку дэлъ зэныбжьэгъуэгъэ гъэбыдэным, ахуэдэу зыхъумэжныныгъэ промышленностымрэ дзэ ІуэхуэкІэмкІэ и щытыкІэм арэзы дыкъэщІ», - жиІащ къэралым и унафэщІ Алиев Ильхам.

Тыркум и лІыкІуэ Гёргюн Халюк жиІащ къэралитІыр зэрызэдлэжьэнымрэ теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ зэращІадзар икІи къыхигъэщащ ар лъэныкъуитІми я зыужьэныгъэм хуача лъэбакъуэу къызэрилъытэр.

Мэлыжьыхьым и 4, *махуэку*

♦ Интернетым и дунейпсо махуэщ

♦ Компьютерыр зэтезыхуэм и дунейпсо махуэщ

♦ 1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

♦ 1896 гъэм къалъхуащ адыгэхэм я къэкІуэкІыкІэм теухуа лэжьыгъэ куэд зиІа, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **Кокиев Георгий.**

♦ 1949 гъэм къалъхуащ къэралыкъуэщІэ, Абхъаз Республикэм и сІтІуанэ президенту щыта, АР-м и ЛІыхъужь **Бэгъэпщ Сергей.**

♦ 1951 гъэм къалъхуащ усакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лажьакІуэ **Емыжь Мулиэт**.

♦ 1966 гъэм къалъхуащ философие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, УФ-м и цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыныкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лажьакІуэ **Къумыкъу Іэуес*.***

♦ 1980 гъэм къалъхуащ дунейм бэнэкІэ хуитыкІэ и чемпион **Наркотхуэ Аслъэн.**

Дунейм и щытыкІэнэр

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрритыкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 – 24-рэ, жэщым градуси 6 щІыхьунущ. ЩІым и малъхьэдис щытыкІэм балли 4-кІэ зихьэжьынущ.

Мэлыжьыхьым и 5, *мэрем*

♦ Гъэсэныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦ 1905 гъэм Курп ИщхьэрэкІуэм и мэкъумэшыщІэхэм зыкъаІэтащ.

♦ 1943 гъэм ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ кьищІащ БахъсэН ГЭС-р зэрфІэгъэвэжьным теухуауэ.

♦ 1956 гъэм къалъхуащ бзэщІэныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ПІаз Сергей.**

Дунейм и щытыкІэнэр

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрритыкІэ, республикэм уфаУэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 15, жэщым градуси 9 щІыхьунущ. ЩІым и малъхьэдис щытыкІэм балли 3-кІэ зихьэжьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Узэрыгугъэу ухъутэмэ, уунэхъурэт?

ИІакъым. Ди еджапІэм щІыху 400-м щІигъу щоджэ Кавказ Ищхьэрэм и республикэ псоми щыщІу. Ъхэпшыпхэр къэгъэщІэрэщІэжьыным зыхуэзгъасэ ди студентхэм ехьулІэныгъэфІэкІ къагъэлъагъуэ», - «къыхегъащІ Къанлом.

Абы зэрыжиІэмкІэ, республикэм и музейхэр хуэныкъуэщ апхуэдэ ІэщІагъэлІхэм, псом хуэмыдэу сурэтым, хьэпшыпхэмрэ щэкІэмрэ елэжьыжьхэм. Урысейм и Ресторатурэм я зэгухьэныгъэм ЗыхэтІэрэ ІэщІагъэ кІащ КъБКъУ-м Архитектурэмкіэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкІэ и институтым Дизайнымкіэ и колледжым (ГъатхэпэН и 25-м къыщыщІэдзауэ 29 щІэндж). Урысейм и ресторатурэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм етІуанэ, ещанэ курсэхэм щеджэ студентхэр ирагъэдзІуащ сурэтхэмрэ пхъэм къыхэщыкІакІэхэмрэ къызэрагъэщІэрэщІэж Іэмалхэм.

Апхуэдэ дерсхэр ирагъэкІуэкІыну «26 КАДР» къэралым егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі эм и лІыкІуэхэу Щербаковэ Дарьерэ Воронин Борэ къезыгъэблагъэр Колледжым и унафэщІ Къанло Алимщ. «2020 гъэм КъБКъУ-м и унафэщІхэм я жэрдэмкІэ, «Ресторатурэм» ІэщІагъэм щыхуедгъэджэну диколледжым къудамэ къыщызэІутхащ. Ар икІуэкІэ щІыналъэм джжІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэт, сыту жыпІэмэ апхуэдэ ІэщІагъэлІхэр щыдгъэхьэзырыр иджыри къэс республикэм зэрызэхэщІыкІ. Ди еджапІэм щІыху 400-м щІигъу щоджэ Кавказ Ищхьэрэм и республикэ псоми щыщІу. Ъхэпшыпхэр къэгъэщІэрэщІэжьыным зыхуэзгъасэ ди студентхэм ехьулІэныгъэфІэкІ къагъэлъагъуэ», - къыхегъащІ Къанлом.

Абы зэрыжиІэмкІэ, республикэм и музейхэр хуэныкъуэщ апхуэдэ ІэщІагъэлІхэм, псом хуэмыдэу сурэтым, хьэпшыпхэмрэ щэкІэмрэ елэжьыжьхэм. Урысейм и Ресторатурэм я зэгухьэныгъэм ЗыхэтІэрэ ІэщІагъэ кІащ КъБКъУ-м Архитектурэмкіэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкІэ и институтым Дизайнымкіэ и колледжым (ГъатхэпэН и 25-м къыщыщІэдзауэ 29 щІэндж). Урысейм и ресторатурэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм етІуанэ, ещанэ курсэхэм щеджэ студентхэр ирагъэдзІуащ сурэтхэмрэ пхъэм къыхэщыкІакІэхэмрэ къызэрагъэщІэрэщІэж Іэмалхэм.

«Студентхэр япэ дерсым щызэдгъэщІэщІыхьэм, абыхэм я Іуэху епльыкІэхэрэ дедаІуэри, ди программэмрэ зедгъэхьэужащ, нэхъ дызэгурыІуэу дызэдзлажьэн папщІэ, - жеІэ абы. - Псом япэу гупльэтэ зыхуэтщІар, ресторацэм и ужь уихьэн ипэ, егъэкІуэкІыпхъэ къэхутэныгъэхэрщ - къэпшыпыр зыхуэдэр, ар зэрызэхэщІыр зэгъэщІэнымрэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

КъамыІэтамэ, нэхъыфІат…

Иджы щымыІэж СССР-м и зыужьыныгъэм гъэзгу нашэкъашэ куэд хэлъащ. Абыхэм ящыщщ щыщІэр къызэрагъэІуригъащІар. Абы кьикІыр иджы куэдым кьагурыІуэныгкъым, ауэ а зэманым «щыщІэ» псалъэм щІалэгъуэ кьызэщІиІэтэрт, жыджэрагъ инрэ тегушхуэнысигъэ къахилъхьэу.



● Тхыдэ

КОМСОМОЛЫМ хэтэжрэ студентхэмрэ Іэмал ягъуэтат я къару еплъыжыну, къэралым зиужэщІынымк яхуэзэфІэкІ халъхьэну.

Зи гугъу тщІыр Совет Союзым къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ гъавэ щІапІэ зэрыщигъэхьэзырырт. Ар ирихьэлІат къэралкІуэцІым щыІэ щытыкІэ тКІиир тетыгъуэр зыІэщІыхьа Хрущёв Никита щигъэщабэ лъэхъэнэм. Совет Союзым зиужьырт.

Псоми щІэздзапІэ яІэжщ. 1953 гъэм гъатхэпэм и 6-м СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІу ягъэуват КПСС-м и ЦК-м и Секретарь Маленьков Георгий. Ар занщІэу яужь ихьат щыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным. ЩыщхьэуІум и 8-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессием къыщыщыпсалъэм партым мэкъумэзыщІэхэм ятеухуауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэр къагъэщэбэным хуэгъэза программэ утыку кьурихьат. Абы къыщыгъэлъэгъуат ерыскьыпхъэ налогхэмкІэ къатехуа щыхуэхэр хуагъэгъуныр, езы налогыр хуэдитКІэ ягъэмэщІэныр, кьуажэдэхэм я хадэхэм хуэдитхукІэ зэрагъэубгъуныр, гуэдзымрэ хьэпщІымрэ къэралым зэрищэху уасэхэр хуэдищІэ къаІэтыныр. Апхуэдэ зэкъуэкІыныгъэхэм я фІыгъэкІэ мэкъумэш Іэнатіэм псынщІэ дыдэу зиужьу хуежьат. Арщхьэкіэ а псори лъэныкъуэ ирагъэзыжащ 1953 гъэм фокІадзэм и 7-м Хрущёв Никитэ КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хахри. Куэдым ягугъат а кьулыкъур Маленьков лъысыну, арщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрихъуэри, Хрущёв текІуащ. Мис абдеж псори зэІыхьэу хуежьащ. Тетыгъуэр щытысхам и жэрдэмкІэ 1954 гъэм и гъатхэпэм къащІащ «къэралым гъавэу къыщрахьэлІэм дяпэкІи хэгъэхъуэным ИкІи щыщІэхэмрэ къамыгъэсэбэпу кІэрыуТІыпщ ящІа щыщхэмрэ кьагъэІурыщІэным и Іуэхуэкіэ» унафэ. Апхуэдэущ Хрущёв хагъэхьат Къэзахстаным и мызакъуэу, Поволжьемри, Къуэрыпіэ Сибырми, Къуэкіыпіэ Жыжьэми щыІэхэр. Арати, 1954 гъэм и гъатхэпэм Москва икІри ежьащ ныбжьыщІэхэр зэрыс яПэ мафІэгър.

Зэрытлъагъуащ, мурад нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар бэвагъыр къэІэтыныртэкъым, атІэ гъавэ щІапІэхэм кьахэгъэхъуэныр. Ар нэхъ тыншт хьэсэкэр зэрызэрахьэ технологиещІэхэм хуэкІуэным нэхъыр. ЩІыщІэхэр къэІэлурыщІэным кьаруушхуэ хуэзэщІагъэуІуат. Техникэм и лІэужьыгъуэ псори абыхэм кІуэрт. Іэнатіэр гугъуэхьышхуэ пыІту зэфІэзыгъэувэж кьуажэдэсхэм зыри яІысысыртэкъым е ия1рыхьэр мащІэ дыдэт. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мэкъумэш Іэнатіэм и зыужьыныгъэр илъэс куэдкІэ зэтиІыгъащ.

Ар зы щыуагъэт. Арщхьэкіэ Хрущёв Никитэ абыи кьыщыуІакъым. Мыгувэу абы нартыхуэр кьиІытащ къэралыр мыгъуагъэ псоми кьыхэзыщыфыну кьэкІыгъэу. 1954 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ унафэ кІащтащ «СССР-м Совхозхэмкіэ и министерствэм совхозхэм зегъэужьыным икІи абыхэм къат хъерым хэгъэхъуэным я Іуэхуэкіэ». Абы кьыщІэзылъэгъуэт: нартыху щІэным и мыхьэнэр совхозхэм я лэжьакІуэ куэдым зэрагъэлъахьэшэр Іуэхум зэран зэрыхуэхьур. Абы кьыхэкІыу нартыхуэ ящІэр мащІэ дыдэщ, и бэварэ ри лъахъэщщ. Нартыхуэу ящІэм зэрагъэубгъуну хуагъэуващ, ар кьыщІэзэгъ Кубанымрэ Украинэмрэ я мызакъуэу, сыт хуэдэ гъавэ къэкІыгъэхэри щІагъуэу кьыщымыхьу Заволжье Курыпымрэ Ищхъэрэмрэ, Урал Ипщэм, Къэзахъстан Ищхъэрэм.

ЩыкІэрагъасхьи щыІащ: кьыхэжаныкІыным хущІэкъуКІэрэ язынікъуэ кьулыкъущІэхэм ар щыхрагъэсащ ауэ жыжьэуи кьыщемызэгъ щыпІэхэм. Абы и закъуэкъым: а къэкІыгъэр бэв щыхъащхьым ар кьыщІэзэгъ Кубанымрэ Украинэмрэ я мызакъуэу, сыт хуэдэ гъавэ къэкІыгъэхэри щІагъуэу кьыщымыхьу Заволжье Курыпымрэ Ищхъэрэмрэ, Урал Ипщэм, Къэзахъстан Ищхъэрэм.

Ар нэхъ тыншт хьэсэкэр зэрызэрахьэ технологиещІэхэм хуэкІуэным нэхъыр. ЩІыщІэхэр къэІэлурыщІэным кьаруушхуэ хуэзэщІагъэуІуат. Техникэм и лІэужьыгъуэ псори абыхэм кІуэрт. Іэнатіэр гугъуэхьышхуэ пыІту зэфІэзыгъэувэж кьуажэдэсхэм зыри яІысысыртэкъым е ия1рыхьэр мащІэ дыдэт. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мэкъумэш Іэнатіэм и зыужьыныгъэр илъэс куэдкІэ зэтиІыгъащ.

Ар зы щыуагъэт. Арщхьэкіэ Хрущёв Никитэ абыи кьыщыуІакъым. Мыгувэу абы нартыхуэр кьиІытащ къэралыр мыгъуагъэ псоми кьыхэзыщыфыну кьэкІыгъэу. 1954 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ унафэ кІащтащ «СССР-м Совхозхэмкіэ и министерствэм совхозхэм зегъэужьыным икІи абыхэм къат хъерым хэгъэхъуэным я Іуэхуэкіэ». Абы кьыщІэзэгъуэт: нартыху щІэным и мыхьэнэр совхозхэм я лэжьакІуэ куэдым зэрагъэлъахьэшэр Іуэхум зэран зэрыхуэхьур. Абы кьыхэкІыу нартыхуэ ящІэр мащІэ дыдэщ, и бэварэ ри лъахъэщщ. Нартыхуэу ящІэм зэрагъэубгъуну хуагъэуващ, ар кьыщІэзэгъ Кубанымрэ Украинэмрэ я мызакъуэу, сыт хуэдэ гъавэ къэкІыгъэхэри щІагъуэу кьыщымыхьу Заволжье Курыпымрэ Ищхъэрэмрэ, Урал Ипщэм, Къэзахъстан Ищхъэрэм.

Ерыскьыр кьаэзремэщІэкІым кьыжкІыу, 1962 гъэм гуэдзыр нэгъуэщІ къэралхэм (нэхъыбэу Канадэм) кьыщащхуу хуежьащ, нэхъапэм къэралым и тхыдэм апхуэдэ зэи кьыщІмыхъуауэ.

Хрущёв Никитэ иджыри мыхъэмыщІагъэ Іэджэ зэхищІыхьыну Маленьков Георгий кьыщІрагъэдзри, и кьулыкъум трагъэкІащ. Абы и пІэкІэ СС-СР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІу ягъэуващ зэи зыщІыпІи нэхъапІэм кьыщыхэмыжаныкІа Булганин Николай. Илъэсищ дэкІри, Булганиным я кьулыкъур кьиІуэнэн хуей хьуащ, Іуэхум зыри зэрыхимыщІыкІым кьыхэкІыу. А кьулыкъур езы Хрущёв Никитэ зритыжащ. Абы кьигъэсбэлащ и зэфІэкІым зэрыхигъэхьуар: лыуэ, гъэшу кьэралым иращэм хигъэхъуэным хущІэкъуурэ, мыгувэу щІидзащ къуажэдэсхэм я Іуэхуэ. Абы и «ФІыгъэкІэ» 1959 гъэм лым Іыхьэ щанэкІэ хэхъуащ, арщхьэкІэ илъэситІ дэкІри хэпщІыкІыу кІэрыхуащ. Апхуэдэу зэрыхъунрэ къэплъагъун щхьэкІэ жыжьэрыплъэуи ущытын хуейтэкъым.

А илъэсхэм язынікъуэ щыпІэхэм кьуажэдэсхэм я хадэхэр щагъэмащІэу, уеблэмэ кьыщытрахыу щІадзащ. Властхэм жаІэрт хадэшхуэ зиІэхэр колхозым фІыуэ хуэмыпхьэфыну. Колхозэхтэхэм тралъхъэ налогхэри кьаІэтащ. А псоми я Іэужьу кьуажэм мэкъумэшхэкІыу, Іэщщэкіэ кьиитыр ехуэхащ икІи 1962 гъэм лымрэ гъэшымрэ зэращэ уасэхэр кьаІэтын хуей хьуащ.

Апхуэдизу ягъэву икІи кьаруушхуэ зрахьэлІа щІыщІэхэм я дежкІэ дгъэзэжынщи, абы-хэм ильэс зытІущкІэ гъавэ хъарзынэ кьыщрахьэлІащ, ауэ зыщІакІутэну хъуматІэхэр зэрамыІэм и зэранкІэ зыкъом ящІэфащ. Иужькіэ Іуэхум зыхуэжащ: зыкуей хуамыгъэзэф хьэсхэм гъавэу кьыщытрахым кІэрыхуащ. Ари нэгъуэщІхэри щхьэусыгъуэу, гъавэр лъапІэ хъуащ. Нэхъыжьхэм дощІэж хьжыгъэ путыр ком 12-кІэ ящІэу зэрыщытар – ар а зэманым ахъшэшхэт.

Ерыскьыр кьаэзремэщІэкІым кьыжкІыу, 1962 гъэм гуэдзыр нэгъуэщІ къэралхэм (нэхъыбэу Канадэм) кьыщащхуу хуежьащ, нэхъапэм къэралым и тхыдэм апхуэдэ зэи кьыщІмыхъуауэ.

Хрущёв Никитэ иджыри мыхъэмыщІагъэ Іэджэ зэхищІыхьыну кьыщІэкІынт, ауэ хунэсакъым: 1964 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м ар и кьулыкъум трагъэкІащ. Абы и пІэкІэ Іэужьхэр гъэкІуэдыжьыным ильэсэхэр текІуэдащ, хэбгъэзыхьмэ, ахэр яхуэзыгъэкІуэдыжурэ ипІэ иувахэм езыхэми щыуагъэщІэхэр яІэщІэкІащ.

Іуащхьэмахуэ нэхъ лъагэщ

КьыпІэрыхьэ хъыбархэм хъаэзрыхэщымкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм къакІуэ щІыхуэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Псалъэм и хъэтырікІэ, зыгъэпсэхуГъуэ махуиц зэкІэлъакІуэу зыхэта гъатхэпэ мазэм и пэщІэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэ-нэгузегъэужьыпІэ хьэщІэу къеблагъащ нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм елъытауэ хуэдиплкІэ (процент 25-кІэ) нэхъыбэ. Къэрэшей–Шэрджэсым и «Архыз» - и процент 13-кІэ, Шэшэн Республикэм и «Ведучи-м» проценти 9-кІэ нэхъыбэ екІуэлІащ.

«КАВКАЗ. РФ» и унафэщІым и къуэдзэ Топаев Рустам и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, зыпІэпхакІуэхэр зыІэпешэщІыпІэхэм я дахагъэм, нэгуэлужьу мыбы зэманыр щыгъэкІуэн папщІэ зыхуеину проц кьиІэзэрыщІэзэпэщам. Псалъэм и хъэтырікІэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ иджы кІапсэрыкІуэ гъуэгуэр нэхъ жьыуэ кьыщІэзІуах хуэщ – абы лэжьэн щІедзэ пщэдджьыжьым сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 45-м. «Ведучи» курортым хъэщІэхэм кьащыпоплъэ уэс зытракІутэ кьежэхьыпІэу кьэралым щынэхьКІыхь дыдэр. Мыбы сабийхэми нэгуэлужьу икІи гукъинэжу зэманыр щагъакІуэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Пальмэ жыгхэр къыщещхьэукъуэх лъахэм

● Дунеяплъэ

Куэд щІакъым дуней псом ЩІым и махуэр зэрыщагъэлъапІэрэ. КІуэ пэтми хохъуэ дунеяпІъэ къэзыкІухьхэм я бжыгъэм. Дэтхэнэ зыимкІи куэд и уасэщ зыщымыгъазэ хамэ щІыналъэхэм я дуней-мрэ жылагъуэ гъащІэмрэ, мащІэу нэхъ мыхъуми, и нэкІэ зригъэлъагъуныр. ЦІыхум нэхъыбэ хъищІэху и зэхэщІыкІым зеужь, щІымрэ псымрэ хуаІэ щытыкІэмрэ гулъытэмрэ йофІакІуэ, щІыуэпсым нэхъ пэгъунэгъуэ мэхъу.

ДУНЕЙ ПСОМ и пІанэпэ нэхъ дахэхэм ящыщ Мальдивы хытІыгхэм я цІэр ди цІыхухэм ящІэ зэрыхьурэ куэд щІакъым - ахэр дунейпсо мыхьэнэ зиІэ зыгъэпсэхупІэ зэрыхьурэщ. Иджы ахэр нобэ дэтхэнэми и нэгу къызэрыщІигъэхьэр таурыхъэм и лъахэ гуэрущ, иухуеягъым хы толъкъун щхъуантІэхэм зыщагъаазэрэ, Іэгупіэ фІэкІа мыхъуу а хышхуэ куэщІым ипхъа щІынальэцІыкІу-цІыкІухэм пальмэ жыгъышхуэхэр къыщещхьэукъуэхыу... Кавказым уикІыу Мальдивхэм зыгъэпсэхуакІуэ уКІуэнри нэгу къыщІэгъэхьэгъуей хуэдэщ, Гаваи хытІыгухэм ещхьыркъабзэу. Апхуэдэу щІыщытыр, дауи, ахэр ямылейуэ зэрытпэжыжьэрщ - Москва уикІыу абы улъэтэным сыхьэти 9-м щІигъу гъуэгуанэ дэлъщ. Ар жытІэ щхьэкІи, Урысейм и Къухьэпіэм къыщыщІэдзауэ КъуэкІыпІэм унэсыным нэхъыбэж дэлъщ...

Кавказым и щІыуэпсым и къулеягъыр зыхуэбгъэдэн щІыпкъым, ауэ тропик щІыналъэхэмя езыхэм я дахагъэ яІэжщ, ди нэр зэсэжаэм зыкІи емыщІыу. Бл щхьэхуэпсыкъзехьэкэр, текъэгъуэ уэзыр зезыхьэ аргуеийэр здэщыІмыІэ, акулэхэр башкІэ щрахужьжь зы пІанэпэ щІы хъурейм (мыылъэ Арктикэмрэ Антарктикэмрэ хэмыту) ущрихьэлІэнукъым Мальдивхэм фІэкІа. Аращ абы «жэнэт щІыналъэ»-кІэ щІеджэри. А хытІыгухэр адрейхэм къаэзрыщхьэщыкІыр абы и закъуэкъым - щІымрэ хымрэ я лъагагъэр зэрызэщхьэщыкІ щІыэкъым. Индие хышхуэм и зэ зыкъуэбгъуэм ирилъэсыкІыбнущ а-хэр, ауэ апхуэдэу къэкъуркъым. Кьапщтэмэ, 2004 гъэм а хышхуэм метрибгъуКІэ зыкъыщыщІэта толъкъунхэм (Мальдивхэр абы и пщэжкІэ щыІэщ) цІыху мелуанищым я гъащІэр ихьащ. Абы щыщу Мальдивхэм метри 4 зи лъагагъ фІэкІа нэмысыну щІыи, хытІыгум и щІыпІэ нэхъ лъагэ дыдэр хьмкъыщІу къэнэнкІэ зэрыхъуар зэрыкъуар метрэрэ ныкъуэрэщ - хытІыгу минитІым нэсым щыщу къэнэнкІэ хъунури 9 къудейщ, ар зи нэкІэ зыпІэгъуэ щІэныгъэлІэхэмрэ журналистхэмрэ я тхыгъэхэм къыщэрыхагъэщамкІэ. ГъэщІэгъуэнщ мыпхуэдэ бжыгъэхэри: а щІыпІэхэм цІыхуищэ нэхъыбэ щыхэкІуэдауэ ящІэжыркъым.

Ар щІэтауныхъ щІыналъэм и зы щапхъэщ мыр - хышхуэм хэсщ НаполеонкІэ зэджа бдзэжьей абрагъэ, нэгъуэщІ зыщІыпІи ущримыхьэпІэу. Абы и кІыхьагъыр метритІ мэхъу, и хьэпІагъыр килограмм 200-м нос, шыпІэгъуэм я нэхъ иным и фэ быдэр щыкъуейуэ зэпкърегъэщэщ, пэщ щымыхъуу, иregъэлъэтэх псыщІагъ псэущхьэ щхьэхъэзехьэгэр. Ауэ, зэрыжаІэнур къаХуэмыщІэу, цІыхумкІэ фІыц, уеблэмэ псы щІагъым щес псыщІагърыкІуэхэр (аквалангистхэр) фІэфІыпсу зытрегъэлъэщІыхь, иратыр еshх, суРэт щытрахри и жагъэхьым.

«Мальдивхэм щыпсэухэр псори апхуэдащ - я тепІэкІэ щынагъуэщ, я гур пцІанэш», - аращ абыхэм хужаІэр езы щыналъэм щыпсэуХэми, абы зыгъэпсэхуакІуэ кІуэхэми. ФІэщщыІгъуейуэ, акулэ нэгъунэ щыІэсэщ а щІыпІэ тельыджэм. Ахэр куэду хьмм хэсщ. Адрейхэм хуэдэу инкъым, ауэ я цІыкІущхьи, акулэр акулэщ, цІыхум зэрыпэлъэщынур гурыІуэгъуэ. Башыр хуагъэдэлъэн нэхъ хэмыльу, абыхэм зауІІэу зэрыІуагъэзэкІыжьыр пэж дыдэщ.

Мальдивы хытІыгум щыпсэухэр муслъэмэщ. Апхуэдизу туристым я кІуапІэ щІыпІэм ирахьэу ядэркъым кхъуэлір, фадэр, езыхэр зэмыса узыфэ яхуэзэкъынкІэ хъуну джэдухэр, хьэхэр, попугайхэр. Республикэ цІыкІум и цІыхур зэрыпсэур туризмэм къыпыкІыр зэрыарар къагурыІэри, курорткэм я ГъунапкъэР гъабеледжьлауэ щытщ, я щІыфэр щІэмыхъумауэ къакІуэкъынуми щыхъуиту.

ЩІы хъурейм щІыпІэ тельыджэхэр щымащІэжьым, абыхэм ятеухуауэ сыт хуэдизу къатщІэми зэи лей мыхъуну.

Елэжьар **ЛЪОСТЭН Муэзщ.**

Мэкъумэшыщ1эхэм я еджапІэ къызэІуах

«Россельхозбанк»-м къыхилъхьауэ илъэс зыбжанэ хъууэ къэралым щолажьэ мэкъумэшым пыщІа хьэрычэт Іуэхугъуэхэм щыхурагъаджэ, дерсхэр щат «Фермерым и еджапІэр». 2020 гъэм щегъэжьауэ абы къэралым и щІыналъэ 58-м Іэнатіэм щыхуигъэхьэзыращ мэкъумэшыщІэу мини 5,5-м щІигъу.

2024 ГЪЭМ Къэбэрдей-Балъкъэрыр а программэм япэу хагъэхьащ икІи мэлыжьыхьым и кІэхэм щегъэжьауэ абы щыхъжьыным щыщІидзэнчущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием. «Фермерым и еджапІэм» щІэтІысхьэнухэм папщІэ къызэрыхах зэхьэзэхуэхэр ирагъэжьагъэкІынущ. Абы хэтыну жэрдэм зыщІэкэр мэкъумэш, фермер Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэу, лэжьакІуэхэу, е уней Іуэхущ Іапіэхэр яІэу щытын хуейщ, езыхэм республикэм зыщІагъэтхъаэ. Апхуэдэуи, щІэныгъэ ищхъэ, курыт зыбгъэдэлъэри кхъыхьхэ хъунущ а программэм. Абы щхьэкІэ, гъатхэпэм и 12-м нэхърэ нэхъ кІасэ мыхъуу, Урысейм мэкъумэшбанкым и «Своё Фермерство» интернет платформэм, е мы пощтымкІэ fermer_school@mail.ru лъэІур хурагъэхьын хуейщ.

«Фермерым и еджапІэм» мы гъэм япэу къекІуэлІэну студентхэр жыг хадэ щІэнымрэ щэ къэзыт Іэщ гъэхъунымрэ пыщІа Іуэхугъуэхэм я щэхуэхэм хурагъаджэнущ.

Банкым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и унафэщІ Сокъур Алим зэрыжиІамкІэ, «Фермерхэм я еджапІэм» ущІэтІысхьэн щхьэкІэ пщІэ щІэптынукъым, икІи абы фІыуэ хэлъыр, мэкъумэш Іэнатіэм яп лъэбакъуэхэр хэзычэну зи мурадхэм кьадэкІуэу, абы щылажьэхэми я щІэныгъэхэм хагъэхьэуну, щІэ куэд къащІыну Іэмалхэр зэрагъэтырщ. Еджэныр, мазищ пІалъэр, къауха нэужь, студентхэм я бизнес-планхэр пхагъэкІынуРэ, иужькІэ къэралым и дэтхэнэ щІыналъэмк ящыщалъытэ дипломхэр псоми иратынущ.

«Фермерым и еджапІэ» программэр кьыхэзыльхъар «Россельхозбанк»-рщ икІи абы зэгъуэсу толажьэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр, щІыпІи министерствэхэр, университетхэрэ институтхэмрэ, хьэрычэтыщІэхэр, нэгъуэщІхри, къэралым и АПК-м Іэщ1агъэлІэхэр хуагъэхьэзырын папщІэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ФІыгъуэ нэхъыщхьэ

ЦІыхум ЩІыр хъезэвэкІ хъуащ. Урыс еджагъэшхуэ Циалковскэм дунейм щыпсэуэр зэгуэр нэгъуэщІ планетэхэм Іэпхъуэну жиІыгъар нэхъ нахуапІэ мэхъу, ар къыщысыну зэманыр иджыри инсуськъужкІэ жыжьэ пэтми. Хьэрыщыр къэзыхутэхэм къалыкъуэ гъащІэм хьеэзгъыну планетэхэр. Апхуэдэхэр къагъуэтауэ хуагъэфащэ. Псом япэуи зытращІыхьыр псырыр: а тхуІэкІуэ телъыджэр къэтмэ, цІыхум а планетэм щыщІэн щыІэкъым, аращ икІэм-икІэжьым хьэуам щыІуэпсым щыщу цІыхум фІэкІыпІэншэу иІэн хуей нэгъуэщІхэми я къежьапІэр. «Псыр псэхэлъхьэжщ», жаІэу ауэ сытми къэкІуэкІыркъым ижь-ижьыж лъандэрэ. Пэжу, дэ иджыкІэ зи гугъу тщІынур планетэ жыжьэхэркъым, атІэ абы ехьэлІауэ ди ЩІым щыщІэ щытыкІэрщ.

● Щ1ыуэпс

ДЫЗЭРЫЩІГЪУАЗЭЩІ, ди планетэм и нэхъыбэр хыхэм щІагъэнащ, ауэ абыхэм яхэтхьэм цІыхум езым и щхьэкІэ кьиІгъэсэбэпыфынухэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, зэфэфынур. А щхьэусыгъуэм къыхэкІыу иужьырейр кІуэ пэтми нэхъ къемэщІэкІ мэхъу. Къапщтэмэ, Китайр щыщІэхуэн хуэй мэхъу Байкал гуэл абрагъэщ. Апхуэдэ щапхъэхэри закъуэтІакъуэкъым. Аращи, зэгъэзэхуэн хуейщ.

Мардэхэр ягъэувакІэщ. Урысейм ику иту зы унагъуэм зы жэщ-махуэм псы литри 130-рэ хабзэкІэ ящыщагъэсэбэпыну хуитщ. Ар зыкъомкІэ нэхъыбэщ Европэм кьыщекІэкІ литр 90-м нэхърэ икІи дызыгъэгушхуэ.

Литри 130-м щыщу 5-р унагъуэм хурокъу ирифынуи, ирипщэфІэнуи, адрейм ирольасэ, иротхьащІэ, ирожьыщІэ, ирызагъэпскІ.

Дэ, дауи, зи гугъу тщІыр кьалодэсхэрщ, уеблэмэ абыхэм псыуэ ягъэкІуэщІыр кьыззрапщ Іэмэпсымэхэр я псэупІэхэм щІагъэуващ икІи абыхэм кьагъэлъагъуэм тету уасэр ят. Кьуажэхэм мы Іуэхум нэгъуэщІ бгъэдыхьэкІэ щыхуаІэщ.

ФІагъым и гугъу пщІымэ, зэеллыгъуэкІэ ар Іейкъым: статистикэм кьыззритамкІэ, узынщагъэм къезэгъ псы ираф ди къэралым щыпсэу процент 88-м. Адрей процент 12-р-щэ? Абыхэм яхэтщ зи Іуэхур мыщІагъуэ дыдэхэри. Кьалмыкъым щыпсэухэм я процентэ 7,5 –рэ (І) кьудейрщ псы кьабзэ ефэр. Щытыкіэр тІэкІу щынэхъыфІщ Тывам - процент 37,8-рэ, Забайкальемрэ Бурятиемрэ – процент 54-рэ, Вологдэ областым-процент 62-рэ, Курган областым - процент 65-рэ.

Зэфэну псым и кьабзагъыкІэ ди къэралым бжыпэр зэуэ щІыІгъщ. Москвэрэ Осетие Ищхъэрэмрэ. Абыхэм, ди гуапэ зэрыхунщи, къазэрыкІэрыху щыІэкъым дэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Ди гъунэгъуэр абы и лъэныкъуэкІэ ауэ жьжьэуи кьытІызщыхьэрэкъым.

ГъэщІэгъуэнщ, арщхьэкІэ псым и фІагъыр абы и куэдгъым зыкІи елъытакъым. Мис а Вологдэ областым имин щыкІуми псыежьэ ящІыІгъщ. Москвэрэ Осетие Ищхъэрэмрэ. Абыхэм, ди гуапэ зэрыхунщи, къазэрыкІэрыху щыІэкъым дэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Ди гъунэгъуэр абы и лъэныкъуэкІэ ауэ жьжьэуи кьытІызщыхьэрэкъым.

ГъэщІэгъуэнщ, арщхьэкІэ псым и фІагъыр абы и куэдгъым зыкІи елъытакъым. Мис а Вологдэ областым имин щыкІуми псыежьэ ящІыІгъщ. Москвэрэ Осетие Ищхъэрэмрэ. Абыхэм, ди гуапэ зэрыхунщи, къазэрыкІэрыху щыІэкъым дэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Ди гъунэгъуэр абы и лъэныкъуэкІэ ауэ жьжьэуи кьытІызщыхьэрэкъым.

Зэфэну псым и кьабзагъыкІэ ди къэралым бжыпэр зэуэ щ

Тезыгъэгушхуэ хэщIапIэ

● Гъуазджэ

Налшык и «Коврик» Ныбжьыщ1э театрыр 2012 гъэм Нало Георгий къызэIуихащ. Абы и актёрхэрщ и лъабжьэр зыгъэтIылъар.

НЫБЖЬЫЩIЭ театрым ялэу игъэлъэгъуащ Одинцовэ Ириндэ и «Деревенька дурных привычек» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. 2014 гъэм театрым къиубл грантымкIэ ягъэуващ нэмыцэ драматург Хубэ Ульрих и «У ковчега в восемь» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр.

Лэжьэн зэрыщидзэрэ, театрым и Iуэху зэIумыбзэкъм ящыщт езым и сценэ зэримыIэжыр. Налшык паркым хэт къэфапIэ учэ 2022 гъэм зэрагъэпэщыжащ, Ныбжьыщ1э театрым ираташ. Абы ялэу щагъэлъэгъуар Толстой Алексей и «Золотой ключик» таурыхъым къытращIыкIа спектаклырщ. А хэщIапIэ дахэм хуэфэщэн лэжьыгъэ иджы мы Iуэхущ1апIэм щокIуэкI.

Мы гъэр къызэрихьэрэ Ныбжьыщ1э театрым игъэлъэгъуащ Шварц Евгений и «Сказка о потерянном времени», нарт Iуэрыlуатэм щыщ «Сказки наших гор» лэжьыгъитIыр. Иджыпсту йолэжь Белов Сергейрэ Куваев Сергейрэ здатха «Оранжевый ёжик» пьесэмрэ Арбузов Алексей и «Мой бедный Марат» пьесэмрэ къытращIыкIа спектаклхэм. Иужьрей лэжьыгъэр ныбжьыщ1эмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ папщIэ ТекIуэныгъэ Иным и махуэм ирихьэлIэу игъэлъэгъуэнущ.

Ныбжьыщ1э театрым и художественнэ зэнафэщIыр Кабуловэ Зитэ. Абы иджыпсту актёр 12 щолажь.

- Зи ныбжьыр илъэси 6-м щыщIздзауэ илъэс 11 хуэхэрщ нэхъыбэу ди лъэщIэр. Ауэ, илъэсищ ныбжьым итхэм яхуэгъэзэкэри унагъуэр зэгъусэу зэпэлъ хъуну лэжьыгъэхэри ди репертуарым хэтщ. Апхуэдэщ куэдым фIыуэ ялъагъу «У ковчега в восемь» спектаклыр, - жеIэ Кабуловэ Зитэ. - Ди артистхэм щахуэзэнум темыпылэжу пэплъэ ныбжьыщIэхэри диIэщ. Хабзэ хъуауэ, спектакль нэужьхэм сабийхэмрэ я адэ-анэхэмрэ ди артистхэм яIуощIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Усыгъэр зи гум щыпсэу

Абхъаз усыгъэр щабзу, гуапэу, гур иришажьэу щыIуащ Налшык. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Социально-гуманитар институтым къраг ъэблэгъащ Абхъаз къэрал университетым абхъаз литературэмкIэ и егъэджакIуэ, усакIуэ ныбжьыщ1э Колбая Абзагу. Зэ1ущIэм кърихьэлIащ «Апсны» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Абхъазым щыIэ адыгэ-абхъаз центрым и унафэщI Анкваб Ахрэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ, «Рицэ деж рифмэхэр» усыгъэ Iуэхум и унафэщI Сосналы Любовь, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къул Мадинэ, филологие щIэныгъэмкIэ доктор Чурей Дыжьын сымэ.

УСЫГЪЭ пшыхьыр къызэригъэпэщащ адыгэ щэнхабзэмкIэ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ центрым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Езауэ Мадинэ. Абы жиIащ Iуэхум зыщыкуэгъэсыжьхьэрэ абхъаз усакIуэшхуэ Гулиа Дмитрий илъэсиз 150-рэ зэрырикъуар гулъытэншэ зэрамылщIар. ИкIи щIалэгъуалэр кьеджащ урысибзэкIэ зэдзэкIа абы и тхыгъэхэм.

Къаныкъуэ Заринэ пшыхьым кърихьэлIахэм ядагъэшащ Калбая Абзагу республикэм кърагъэблэгъэным щIэдзапIэ хуэхъуа хьыбарымкIэ. «Рицэ деж рифмэхэр» литературэ пшыхьыр Абхъазым щекIуэкIыу, нэгъэбэ абхъазыбзэкIэ тхэ усакIуэ ныбжьыщIэхэм пхъэидзэкIэ яхэдэри, Абзагу къыхахащ ди деж кърагъэблагъэну.

Пшыхьыр зытрауха усакIуэр студентхэм яригъэщIыхуащ, и тхыгъэхэм тепсэлъыхьащ Анкваб Ахрэ.

Колбая Абзагу илъэси 9-м ирагъ тхэн щIидзащ. И усыгъэм щIэхыу зиужьащ, газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэурэ кьащIыхуащ. УсакIуэр Абхъазым и тхакIуэхэм я зэгурыкIэнхэм тепсэлъыхьащ. Абы къиухащ Абхъаз къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэр. 2016 - 2018 гъэхэм Москва, Горький Максим и цIэр зезыхьэ институтым литературэ курсхэм щедэIуащ.

Усэ тхыльитI къыдигъэкIащ: 2013 гъэм - «УафэхъуэпскI», 2018 -м - «Дыгъэм и ныбжьэгъу». УсакIуэр ещанэ тхыльым йолажь. Абы и усэхэм яхэтщ макъамэ зыщIагъэувэ куэд, абхъаз уэрэджьIакIуэ щIэрыIуэхэм ягъэзащIэу.

Ахрэ къыхихигъащащ Абзагу и усэхэр цIыкуэгум дыхьэу зэрыгъэпсар, щIалэ зэчиифIэр сытым тетхьыжьыр, ар уи нэгум къызэрыщIигъэувэфыр, философие гупсысэр сатырхэм зэрыпхрищыр. Абы и усэхэм къыхэщ лIыхъужьым фIыуэ ельаГу и щIыналъэр, хэкур, къыщыхъуа жьэгур.

- УсакIуэм и художественнэ дунейм философие гупсысэ тельыджкэр хэтщ. Абы зэпелъыт щIэдзапIэмрэ кIэухымрэ, ар кIэлъопуфI и псэм и зыщIыкIэм, йогупсыс кьы-зыхуигъэщIам. Езым и гупсысэр уса сатыру къыIуатэкIэрэ, Абзагу щIэджыкIакIуэр куууэ ирегъэгупсыс гъащIэм, абы и мыхьэнэм, - жиIащ Ахрэ.

Университетым щеджкэжм щIэщыгъуэ ящыхьэщ абхъаз усакIуэ ныбжьыщIэм и Iэдакъэщ1экIэр зытеухуар, усэным хуиIэ бгъэдыхьэкIэр. УсакIуэр абхъазыбзэкIэ и Iэдакъэщ1экIэм къеджа нэужь, студентхэр щIэупщIащ абы усэн къызэрыщIидзам, литературэ институтым щигъэкIуа студент гъащIэм щIэщыгъуэу хэтахэм, тхэным кьыхуэзыгъэуш Iуэхугъуэхэм, фIыуэ ильагъу усакIуэхэм.

Хуиту тхэф зэрыхъуу усэ тхыным дихьэхащ Абзагу. И усэхэр зыкъомрэ ибзыщIауэ, класс нэхъыжьхэм щезыгъэджа Анкваб Ахрэ гу кьыльытащ, и усэхэр Iикри газетым тригъэдзащ. Абы льэндзэрэ усакIуэм и кьалэмыр увыIакъым - жанщ, гуапэщ, узыгъэгупсысэщ.

- Сэ махуэ къэс сыпэрытIысхьэурэ усэ стхыркъым. Сопсэу, солажь, си Iуэху иужь ситщ, зытызогъэу, зыгъэзэпсэу. Ауэ апщIондэхункIи усыгъэр си гъусэщ. Усэгъэр нэхъыбэу кьыщигъэхъуэр жьыпIэмэ, щIыуэпсыщ, сыщалъхуа кьуажэрщ, - ядэгугъащащ Абзагу, ар зыгъэуэсэхэм щIэупщIа студентхэм.

ФIыуэ ильагъу абхъаз усакIуэхэм ящыщу кьыхигъэщащ Гулиа Дмитрий, Шинкубэ Бэгъар, Аджбу Таиф, Ласуриа Мушни, нэхъ щIалэIуэхэу Габелиа Дмитрий, Читанавэ Айнарэ. Урыс усакIуэшхуэхэу Ахматовэ Аннэ, Цветаевэ Маринэ, Маяковскийрэ Владимир, Пастернак Борис сымэ ятхахэм кьытригъэззэжурэ йоджэ. Хамэ хъэрал усакIуэхэм ящыщу кьыхигъэщхьэхIащ Лоркэ Гарсиа, По Эдгар.

ГъуазджэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щеджэ пшынауэхэу Iэпщэ Анзоррэ Къумыкъу Албэчэрэ хьэщIэхэм папщIэ абхъаз пшынальэхэм ягуащ. КъБКъУ-м и студентхэр усакIуэм и Iэдакъэщ1экIэхэм урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ кьеджахэщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Журналым фыкъыщеджэ

«Iуащхьэмахуэ» журналым и къыкIэлъыкIуэ ныдэкIыгъуэр - 2024 гъэм и япэ номерыр - дунейм кьытехьащ.

ЖУРНАЛЫМ и жьантIэр лъысащ адыгэ лъэпкъ усыгъэм и гъунэмкIэ Пащ1э Бэчмырзэ, ар къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 170-рэ ирикъуащ. УсакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ нэсу зэпкърыха щыхъуа «Сатыр уахътышэ» тхыгъэр и Iэдакъэщ1экIщ ди нэхъыжьыфI, публицист Iэкlуэлъэкlуэ, зэдзэкIакIуэ Къэрмокъуэ Хьэмид. Абы кьыкIэлъэкIуэ Бэчмырзэ и усыгъэхэр.

УсакIуэ цIэрыIуэ Ацкъан Руслан и гуащIэм теухуа «Адыгэ поэзием и зы льагапIэ» тхыгъэр ейщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм. Журналым и кьыкIэлъыкIуэ нэпэкIуэцIкэр хуэхъащ абы зи гугъу щыщIа сонетхэм. Усыгъэр, Ацкъаным и творчествэр фIыуэ зыльагъуэкэр кьыдэкIыгъуэм зэрыщыгуфIыкIынум щэч хэлъкъым, журналым и Iыхьэ ин абыхэм яхуэхащи.

«Публицистикэ» рубрикэм щIэтщ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтэ зыхуагъэфэща Памукъ Орхьан и ныбжьыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и къызэгъэпэщакIуэ Табыщ Мурат игъэхьэзырэ тхыгъэр. Абы кьыкIэлъэкIуэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Мьз Ахьмэд «Усэм и кьарур» и тхыгъэр. А Iэдакъэщ1эщIым я гугъу щыщIащ усакIуэ гъуэзджэхэзу Бицу Анатолэ, Иуан Бубэ, Къармэ Iэсият, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ я гуащIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шачэрджэс республикэхэм я цIыхубэ артист Мэремыкъуэ Хьусен теухуа тхыгъэм хуэхэщащ «Культурэ» Iыхьэр. Зи макъ гуакIуэр цIыхуэм гукъынэж ящыхъуауэ нобэр кьыздэсым ящымыгъуащ уэрэджэIакIуэ цIэрыIуэр кьызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум папщIэ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм нэгъабэ щрагъэкIуэкIа «Лъэпкъ уэрэдыр зи фэепIэ» пшыхьырщ тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар. Концертым и кьызэгъэпэщащкIэри, и егъэкIуэкIыкIэри щIэщыгъуэ дыдэ зэрыхъуам, Хьусен и кьуэрыпхуэху Iэсхьэдэр (пшыхьыр зи жэрдэмыр аращ) Анатолэрэ (макъ телъыджкIэ уэрэд щыжиIащ) абы зэрыхэтам, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэми кьыхэкIащ тхыгъэр журналым зэрыхуэзгъэхьэзырыжар.

Журналыр зэхуэщIыж псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

ИСТЭПАН Залинэ.

Нэхъыжьхэм я лъагъуэм пащэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым МафIэсым пэщIэтныменкIэ и Iуэхущ1апIэм и юбилейщ. Ар къызэрызэрагъэпэщцэ нобэ илъэси 190-рэ ирокъу.

А МАХУЭМ, 1834 гъэм, Къэбэрдей линием и унафэщI, полковник Пирятинскэм кьыдигъэкIащ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я дзэ быдапIэхэм мафIэсым щыпэщIэтныменкIэ дэфтэрыр - «Открытое предписание» жьыуиIэр. Аращ лъабжьэ хуэхъуар идкьерей Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм мафIэс шынагъуэншагъэр кьущIэзгъэпэщыным хуэунэтIа лэжьыгъэм.

КъБР-м а Iэнатlэми, и фIэщыгъэми мызэ-мытIэу зихьуэжащ. Нобэ а кьалэныр ягъэзащIэ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэс-къегъэлакIуэ Iуэхущ1апIэм и езанэ мафIэс-къегъэлакIуэ гупым я Iэщ1агъэлIхэм.

2018 гъэм и бадзэуэгъуэм МафIэсым пэщIэт къэрал кьулыкъущIапIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и Iуэхущ1апIэ хьауа. А илъэсым и дыгъэзэжьм къыщыкIэдзауэ абы и унафэщIу Кьардэн Анзор.

Iуэхущ1апIэм нобэ и кьалэн нэхъыщхьэхэщ: мафIэс шынагъуэншагъэм ехьэлIа Iуэхуэр егъэкIуэкIыныр; мафIэсым зэрызыщыпхъумэну Iэмалхэм цIыхуэр хуегъэджэныр; кьэлъыхьуэныгъэ-къегъэлыныгъэ, нэгъуэщIу зэбгъэтIылъэкI мыхъуну лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыныр; граждан зыхъумэжныгъэм цIыхуэр хуэгъэхьэзырыныр.

Экономикэ гугъуехьхэм щхьэкIи кьэмынэу, куэд зэфIагъэкI Iэнатlэм и мылькутехникэ лъабжьэр гъэбыдэнымрэ лэжьакIуэхэр я Iэщ1агъэм хуэгъэхьэзырынымрэ теухуауэ. КъБР-м и унафэщIхэм, Правительствэм, Хуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствомкIэ министерствэм я фIыгъэкIэ Iэнатlэм кьыщIэрихьащ я лэжьыгъэм дэIэпыкъуэгъу кьащIыхуэхъуну техникэхэр. Апхуэдэуи щIэуэ зэрахъуэкI мафIэсгъэныкIыфIхэм я щIыгъынхэр, кьагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр. Къинэмыщ1ауэ, Тэрч районым хьихьэ Новэ-Хэмидей кьуажэм лэжьэн щыщIидзащ мафIэс-къегъэлакIуэ часть №12 Iэнатlэщ1эм.

НобэкIэ республикэм мафIэсым пэщIэт и Iэнатlэр сути и лъэныкъуэкIи зэпэщщ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и ПСС» кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм илъэс кьэс ехьэлIэныгъэхэр зыIэрагъэжэ.

МафIэм нобэ пэщIэт лэжьакIуэхэм пащэ илъэс пщIы бжьыгъэ ипэкIэ зэтрауха бгъэдыхьэкIэм, нэхъыжьыфIхэм пхаша гъэзугъ пщIэ хуащIу тетщ. Псалъэм папщIэ, Iэнатlэм и ветеранхэу Абазэ Борис, Алексеенкэ Вячеслав, Атабиев Кязим, Бардош Сергей, Бырхьэм Адмир, БжэныкIэхэ Анатолэрэ Артуррэ, Гущокъуэ Арсен, Гъуклэ Аслъэн, Колоев Руслан, Угъурлы Алик, Портянченкэ Геннадий, Романовэ Галинэ, Табыхъу Заур, Тэтэркъан Сультlан, Хьэгъуэ Славэ, Черниковэ Еленэ, Шьибзыхъуэ Амир, Шим Геннадий, Шокъуий Аслъэнбий, Шунгаров Хъусейн сымэ, мафIэсым пэщIэтныменэ ильэс 30, нэхъыбэ щхьэузыхь хуэзыщIахэр я гъуазэщ. КьыззрымыкIуэ щытыкIэ зэхуэмыдэхэм жылагъуэр щыхъумэнымкIэ я кьалэнхэр щIыхь пылъу зэфIах мафIэсгъэунэкIыфI щIалэхэу Бейжэ Азэматэр Муратэ, Бжьыщий Аш1эмэз, Гуртулыкl Казбек, Иуан Тимур, Нэужьокъуэ Анзор, Тохьутэмыщ Мухьэмэд сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и кьулыкъущIапIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Сэбан Арсен кьызэрыджкIащ, республикэм щрагъэжкIуэкI профилактикэ Iэужьхэм, я лэжьакIуэхэм яхэлъ ерыщагъымрэ кьэмыпэнджагъэмрэ я фIыгъэкIэ мафIэсу кьэхъум я бжьыгъэри абыхэм цIыхуу хэкIуадэхэмрэ фэбжь хэзыхьэри хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Унэхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжынымкIэ фондым хъыбар фегъащIэ

Ухуэныгъэщ1эхэм псэупIэ щызиIэхэм лъэIукIэ зыфхудогъаза, унэхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным пэкIуэ ахъшэр фхуатхэн щыщIадза пIалъэр блэмыгъэкIын папщIэ, фи псэупIэм теуха хуэбархэм фыкIэлъыплъын щIэрдзэну.

КъБР-м и Закон №60-РЗ-м, 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м кьыдэкIам, ипкъ иткIэ, къат куэду зэхэт унэхэм псэупIэ щызиIэхэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм унэхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжынымкIэ и щIыналъэ программэм» хагъэхьахэм 2024 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ кьалэну кьахуоув зэгъэпэщыжынымкIэм пэкIуэ ахъшэр ятыну.

ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ:

8-800-700-64-12, 42-56-29;

мы электроннэ пощтымкIэ: regoperator.07@mail.ru е мы хэщIапIэмкIэ: Налшык къ., Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А

Апхуэдэу ЩIыналъэ операторым и лэжьыгъэм хилъхьэ зэхъуэжкIыныгъэ псоми теуха хьыбарыр къыфIэрыхьэн папщIэ, ди телеграм-каналым (https ://t.me/kapremont07) зыкъыпыфIщIа.

Блий Iэюб дыщэ медалыр и анэм хуешэ

Тыркум и Анталье къалэм щекIуэкIа «Тажышхуэр» дзюдомкIэ къэхьыным хуэунэтIа дунейпсо зэхьэзэхуэм Урысейм и команд кьыхэхам хэту дыщэ медаль кьихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Блий Iэюб. Зэпеуэм хэтащ къэрал 93-м я бэнакIуэ цIыхухъурэ цIыхубзу 628-рэ, гуп 14-у гуэшауэ.

ДУНЕЙПСО, европей зэхьэзэхуэшхуэхэм мызэ-мытIэу къыщыхэжаныкIа ди щIалэр идкьерей зэхьэзэхуэм и кIэух зэIуцIэм нэсын папщIэ, плIэнейрэ утыкум кьихьащ икIи и Iэзагъкlэ и хьэрхуэрэгъуэм фIыуэ ефIэкIыу ахэр кьафIихьащ. ЯпэщIыкIэ Блийм хигъэщIащ Паргавйм и дзюдоист Кабрал Амилкар. Абы иужькIэ ар хуэзащ 2020 гъэм Токио щекIуэкIа Олимп джэгуэхэм етIуанэ увыпIэр кьыщызыхьа, идкьерей зэIущIэмэ бжьыпэр щиубыдыну зыхуагъэфэща, Тайваным щыщ Янг Юнг Вэй. Iэюб ари хигъэщIащ.

Адэкlэ кьыкIэлъыкIуащ япэреитIым нэхърэ зызымыгъэнэхъ тIасхъэ тырку бэнакIуэ Илдиз Сэлихь. Ауэ абыи гугъэ лъэпкъ иримыту, зэIущIэр ди щIалэм кьихьащ. ЕплIанэ Блийм кьыпэщIэтар Нидерландэм я дзюдоист лъэщ, дунейпсо, европей зэхьэзэхуэхэм кьыщыхэжаныкIа Яринг Эмилщ.

Зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэм Блийр щыхуэзащ Франджым и ныпым щIэту зыкъэзыгъэлъагъуэ, Токио щекIуэкIа Олимп джэгуэхэм ещанэ щыхъуа, Европэм и чемпион, куржы дзюдоист Мхеидзэ Лукэ. Мыбдежьи ди щIалэм и тренерхэр иригъаваэрт ижь дыдэу ахэр Душанбе къалэм щыщIэзхуэзам Франджым и лыкIуэ бэнакIуэр Iэюб кьытекIуауэ зэрыщытам, нобэ ар зэран кьыхуэхъункIэ щынэхэу.

Ауэ текIуэныгъэм щIэбэныну и мурад быдэу, зэщIэкъуауэ утыкум кьихьа адыгэ щIалэр зэIущIэм кIэлъплъхьэм щалъэгъуам, кьагурыIуащ абы дыщэ медаль зэрызIэщIимыгъэкIынур. Апхуэдэуи кьыщIэкIащ - Блийм и япэ текIуэныгъэшхуэр Тыркум кьыщихьащ. Мыбы ипэкIэ «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтIауэ Iэюб зыхэта зэхьэзэхуитIми домбеякъ медалым нэхърэ нэхъыщхьэ кьыщIихуэхьатэкъым, иджы - ар дыщэ ищIащ.

Кьыхэдгъэщынщи, ди щIалэм япэ увыпIэр щиубыда гупым ещанэ щыхъуахэщ абы кьызэринэкIа Илдиз Сэлихьрэ Яринг Эмилрэ.

«Дыщэ медалыр - ар сыт щыгъуи сызыхуэпагъэхэщ икIи си къэзэрыгъэшхэщ ярати, кьызэсапIэу нобэ зэрызэзгъэхъуIам сыщогуфIыкI. Мыбы ипэкIэ сызыхэта зэхьэзэхуитIым кьыщызгъэлъэгъуаэхэм арэзы сыкъащIатэкъым, абы тIэкIу сripIейтейрт. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр сызэфIэкIыр Iэзагъэлъэгъуэгъэшхуэщ икIи си къэзэрыгъэгъуэгъуэщ ящIу сызыгъэпIащ. Командэм хэт псоми я гуащIэ хэлъщ нобэрей текIуэныгъэм - тренерхэм, дохутырхэм, адрей псоми. Медалу къэсхь псори си анэм изот, мы дыщэ медалри абы хуэсшэнущ.

Иджы екIуэкIа зэIущIэм утепсэлъыхьмэ, ныкъуэкъуэгъуу сиIаэр псори лъэщ защIэт, и Iэзагъкlи, я зэфIэкIкIи щэч кьытумыхьэну. Псом хуэмыдэу нэхъ гугъу сыдекъащ Тайваным и бэнакIуэ Янгым. Апэм щыгъуэ абы сытекIуауэ щытати, ар, Iуэху, хуиту щыхъуа нобэ ящIэжыну - кьехъуIакъым. Абы и бэнакIэм зригъэхъуажат, ауэ ар, зэрыжаIэу, кьэзубыдащ. Мхеидзе кьыстекIуауэ щытат апэми, игугъагъэнщ иджыри тыншу сыкъыхихгъэщIну. Ауэ апхуэдэу зэрегупсысар абы зэран кьыхуэхъащ. Дзюдор шахматым хуэдэщ - лъэбакъуэ пчын апэ, фIыуэ угупсысэн хуейщ», - жиIащ Блийм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Футбол

Мэлыжьыхьым екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ лигэм и Апэ гуп

Ещанэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым и 6 *(щэбэт)*

«Астрахань» (Астрахань) - «Дружба» (Мейкьуапэ)
«Ростов-2» (Дон Iус Ростов) - «Ангушт» (Нэзрэн)
«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Легион» (Мэхъэчкъалэ)
«Кубань Холдинг» (Павловскэ) - «Нарт» (Черкесск)
«Севастополь» (Севастополь) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Форте» (Таганрог) - «Рубин» (Ялта)
Победа (Хасавюрт) - «Спартак-Налшык»

ЕплIанэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым и 11 *(махуэку)*

«Динамо Ставрополь» - «Нарт»

Мэлыжьыхьым и 13 *(щэбэт)*

«Ангушт» - «Астрахань»
«Строитель» - «Форте»
«Дружба» - «Кубань Холдинг»
«Спартак-Налшык» - «Севастополь»
«Рубин» - «Динамо-2»
«Легион» - «Победа»

Мэлыжьыхьым и 14 *(тхьэмахуэ)*

«Алания-2» - «Ростов-2»

Етхуанэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым и 20 *(щэбэт)*

«Кубань Холдинг» - «Ангушт»
«Астрахань» - «Алания-2»
«Динамо-Ставрополь» - «Дружба»
«Динамо-2» - «Строитель»
«Биолог-Новокубанск» - «Спартак-Налшык»
«Ростов-2» - «Рубин»
«Севастополь» - «Легион»
«Победа» - «Нарт»

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.553
Заказыр №675

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытахэхэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставроль край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.